# MUZI'KA

5-KLASS USHI'N SABAQLI'Q

Qayta islengen 5-basi'li'm

*O'zbekistan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi ta'repinen tasti'yi'qlang'an*

G'afur G'ulom ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi
Tashkent – 2015

UO‘K 372.878 (075)
KBK 85.31
M23

*Respublika maqsetli kitap qori' yesabi'nan basi'p shi'g'ari'ldi'.*

*«O'zbekistan Respublikasi' 2002-ji'li' sabaqli'qlar tan'lawi'nda si'yli'q alg'an»*

A v t o r l a r :
**A.Mansurov, D.Karimova**
**G. Kamalova**

P i k i r b i l d i r i w s h i l e r :

«Bulbulcha» balalar xori'ni'n' ko'rkemlik basshi'si', O'zbekistan xali'q artisti, professor **Shermat YORMATOV**;
Nizamiy ati'ndag'i' Tashkent ma'mleketlik pedagogikali'q universitetinin' Muzi'ka pedagogikasi' fakultetinin' professori' **Quldosh MAMIROV**,
Tashkent Qi'z-balalar liceyi muzi'ka woqi'ti'wshi'si' **Gulchehra YULDASHEVA**

**«Sibelius» programmasi'nda qaraqalpaqsha notalari'n kompyuterde tergen:**
Nasi'rov Miratdin Bawenovish —
**No'kis ma'deniyat ko'rkem-wo'ner kolledji woqi'ti'wshi'si'.**

**Mansurov A., Karimova D., Kamalova G.**
«Muzi'ka» 5-klass ushi'n sabaqli'q. Qayta islengen 5-basi'li'wi'. T.:G‘.G‘ulom ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi. 2015. 104 b.
I. Avtorlas.

Qoli'n'i'zdag'i' «Muzi'ka» sabaqli'g'i' Respublikami'z uluwma worta bilim beriw mekteplerinin' 5-klaslari' ushi'n Ma'mleketlik bilimlendiriw standarti' tiykari'nda jarati'lg'an. Wonnan wori'n alg'an teoriyali'q ha'm a'meliy materiallar ha'm de nama ha'm qosi'qlar woqi'wshi'lardi' muzi'ka wo'nerinin' ayi'ri'm janrlari' menen jaqi'nnan tani'sti'radi'. Wolardi' milliy maqtani'sh ha'm watan su'yiwshilik ruwxi'nda ta'rbiyalaydi'.

Sonday-aq, «Muzi'ka» sabaqlari'nda ti'n'lanatug'i'n yaki tamasha yetiletug'i'n shi'g'armalardi'n' audio ha'm videokassetalari' sabaqli'qqa qosi'msha ra'wishte tayarlang'an. Ha'rbir mekteptin' «Muzi'ka» woqi'ti'wshi'si' bul kassetalardan sabaq bari'si'nda na'tiyjeli paydalani'wi' lazi'm.

UO‘K 372.878 (075)
KBK 85.31

ISBN 978-9943-03-643-7

© **A. Mansurov, D. Karimova.**
© **G‘afur G‘ulom ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi, 2015**
Qaraqalpaqsha awdarma
© **A. Mansurov, D. Karimova, G. Kamalova.**
**«Bilim» baspasi', 2015**

# ALG'I' SO'Z

A'ziz woqi'wshi'lar! Sizlerge arnalg'an 5-klasti'n' «Muzi'ka» sabaqli'g'i' aldi'ng'i' sabaqli'qlardan pu'tkilley pari'q qi'ladi'. Bul sabaqli'q G'a'rezsizlik sharapati' menen jan'a milliy woqi'w bag'darlamasi' tiykari'nda jarati'ldi'. Wondag'i' temalar Sizlerge milliy xali'q saz a'sbaplari', nama ha'm qosi'qlari', ayaq woyi'n wo'neri ha'm de du'nya muzi'ka ma'deniyati'ni'n' du'rdanalari' si'yaqli'lar haqqi'nda mag'luwmat beredi. G'a'rezsiz O'zbekistani'mi'z qi'sqa waqi't ishinde ju'da' u'lken jetiskenliklerge yeristi. U'lken-u'lken do'retiwshilik isler a'melge asi'ri'ldi'.

Bilimlendiriw, Sport, Ko'rkem wo'ner tarawi'ndag'i' jetiskenliklerimizge bir na'zer taslayi'q. G'a'rezsiz O'zbekistani'mi'zg'a bag'i'shlani'p jarati'lg'an jan'a shi'g'armalar, qosi'q ha'm namalar du'nya boylap qanat jazi'p, jaslari'mi'zdi' milliy ideya ha'm milliy yerkinlik ruwxi'nda ta'rbiyalawg'a xi'zmet yetpekte. Qoli'n'i'zdag'i' sabaqli'q qa'lbin'izge Watan tuyg'i'si'n sin'dirip, muzi'ka haqqi'ndag'i' bilimlerin'izdi wo'siriwge xi'zmet yetedi degen u'mittemiz.

*Avtorlar*

... Muzi'ka insandi' si'yqi'rlaydi', jaqsi'li'qqa, miyrim-sha'pa'a'tlikke, muhabbatqa, shiyrin a'rmanlarg'a bag'darlaydi', jaman joldan qaytaradi', woylandi'radi', ji'latadi' ha'm ku'ldiredi.

... Muzi'ka insan wo'mirine dos, joldas.
... Muzi'kani' nurg'a, jani'p turg'an shi'raqqa megzetse arzi'ydi'.

**Sabaqli'qta qollani'lg'an to'mendegi sha'rtli belgilerdi yeslep qali'n':**

?! — sorawlar ha'm tapsi'rmalar.

𝄞 — muzi'ka sawati';

 — Klass fonotekasi'nan bir nama ti'n'lan'

# I SHEREK

## XALI'Q SAZLARI' ORKESTRI. XOR WO'NERI

### *1-sabaq.* ORKESTRDIN' TU'RLERI HAQQI'NDA. XALI'Q SAZLARI' ORKESTRI HA'M WONI'N' U'PLEP SHERTILETUG'I'N SAZ A'SBAPLAR TOPARI'

O r k e s t r — ha'r qi'yli' saz a'sbaplari' sa'zendelerinen du'zilgen ja'ma'a't boli'p, ko'rsetilgen quram ushi'n jarati'lg'an muzi'kali'q shi'g'armani' atqaradi'. Ha'mmemiz biletug'i'n kishkene ansambllerden parqi' sonda, wolarda sazendeler sani' ko'p boli'p, birneshe toparlardan ibarat boladi'. Orkestrler saz a'sbaplari'ni'n' quramli'q du'zilisine qaray tu'rlishe boladi':

*Simfoniyali'q orkestr, U'plep shertiletug'i'n saz a'spablari' orkestr, Tarli' orkestr, Estrada orkestri, Xali'q sazlari' orkestri solar topari'nan yesaplanadi'.*

Soni' ayti'p wo'tiw kerek, barli'q xali'qlardi'n' da wo'z saz a'sbaplari'nan du'zilgen orkestri boli'wi' mu'mkin. Joqari'da ayti'lg'anlardan basqa, qurami' az bolg'an kishi (kamer) orkestrler de ushi'rasadi'.

Uzaq da'wirlerden beri xalqi'mi'z arasi'nda ken' tarqalg'an sazlari'mi'zdan 1936-ji'li' birinshi wo'zbek xali'q sazlari' orkestri du'zilgen. Qaraqalpaq xali'q sazlari' orkestri bolsa 1957-ji'li' du'zildi. Woni'n' birinshi sho'lkemlestiriwshisi, kompozitor A'bdireyim Sultanov boldi'.

Saz a'sbaplari'mi'zdan ayi'ri'mlari' temperaciya yetilip (yag'ni'y, bir qi'yli' sazlarg'a jaqi'nlasti'ri'li'p), u'lken-kishi tu'rleri islep shi'g'i'lg'an. Bularg'a u'lken-kishi nay, u'lken-kishi girjek, chang, rubab, duwtarlardi' kirgiziw mu'mkin.

Bunday orkestr ushi'n O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan kompozitorlari' jan'a shi'g'armalar do'retti, xali'q namalari'n qayta



isledi, ja'ha'n klassik kompozitorlari'ni'n' shi'g'armalari'n usi' orkestrlerge maslasti'rdi'.

Xali'q sazlari' orkestri 5 topardan du'zilgen boli'p, wolardan birinshisi, u'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'. U'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'na — nay, kishi nay, qosnay, si'rnay, kerek jerinde karnaylar da qosi'ladi'.

*Klass fonotekasi'nan «Xali'q sazlari' orkestri»nin' atqari'wi'nda «G'ul-paq» qaraqalpaq xali'q namasi'n ti'n'lan'. Nay ushi'n qayta islegen G. Demesinov.*



# O‘ZBEKISTON RESPUBLIKASI DAVLAT MADHIYASI

*Abdulla Oripov* so’zi

*Mutal Burhonov* muzi’kasi’

**Saltanatli’**






Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay to abad ilm-u fan, ijod,
Shuhrating porlasin toki bor jahon!

N a q a r o t :

Oltin bu vodiylar — jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash’ali, tinchlik posboni,
Haqsevar, ona yurt, mangu bo‘l obod!

N a q a r o t :

Oltin bu vodiylar — jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' MA'MLEKETLIK GIMNI

*Ibrayi'm Yusupov* so'zi *Najimaddin Muxameddinov* muzi'kasi'






Ja'yhun jag'asi'nda wo'sken bayterek,
Tu'bi bir, shaqasi' mi'n' bolar demek.
Sen sonday sayali', quyashli' yelsen',
Ti'ni'shli'q ha'm i'g'bal sendegi tilek.

N a q i' r a t i' :

Diyqan baba na'pesi bar jerinde,
Juwsan an'qi'p, kiyik qashar sho'linde.
«Qaraqalpaqstan» degen ati'n'di'
A'wladlar a'diwler ju'rek to'rinde.

Aydi'n keleshekke shaqi'rar zaman,
Ma'rtlik, miynet, bilim jetkizer wog'an,
Xalqi'n' bar azamat, dos ha'm miyirman,
Yerkin jaynap-jasna, ma'n'gi bol aman!

N a q i' r a t i'

Diyqan baba na'pesi bar jerinde,
Juwsan an'qi'p, kiyik qashar sho'linde.
«Qaraqalpaqstan» degen ati'n'di'
A'wladlar a'diwler ju'rek to'rinde.

## SHAWQI'MLI' SESLER HA'M MUZI'KALI'Q SESLER HAQQI'NDA

Sesler ta'biyatta yeki tu'rge bo'linedi: shawqi'mli' sesler ha'm muzi'kali'q sesler. Denelerdin' bir-birine uri'li'wi' yaki muzi'ka a'sbaplari'ni'n' shertiliwi na'tiyjesinde hawada tolqi'nlani'w payda boli'p, a'tirapqa sesler tarqaladi'. Wolar ani'q ba'lentlikke iye bolg'an seslerge ha'm ba'lentligi ani'q yemes seslerge bo'linedi.

Muzi'kali'q sesler ba'lent-pa'sligi, uzi'n-qi'sqali'g'i', tembri ha'm ku'shi menen bir-birinen pari'qlanadi'. XI a'sirden baslap pu'tkil du'nyag'a muzi'kali'q sesler basqi'shlari'ni'n' atali'wi' — DO, RE, MI, FA, SOL, LYA, SI boli'p tarqali'p ketken. Pianino klavishlerinde, nota qatari'nda wolar to'mendegi ko'riniske iye:






### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Orkestr degenimiz ne ha'm woni'n' qanday tu'rleri boladi'?
2. Birinshi wo'zbek xali'q sazlari' orkestri qashan du'zilgen?
3. Qaraqalpaq xali'q sazlari' orkestri qashan du'zilgen?
4. Wo'zbek xali'q sazlari' orkestri neshe topardan ibarat?
5. U'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'na qaysi' saz a'sbaplar kiredi?
6. Qaraqalpaq xali'q polkasi' «G'ulpaq»ti' dawi'sqa sali'p ayti'p ko'rin'.
7. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ma'mleketlik gimnin ayti'p, avtorlari' haqqi'nda qi'sqasha mag'li'wmat berin'.
8. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ma'mleketlik gimnin ayti'p, avtorlari' haqqi'nda qi'sqasha mag'luwmat berin'.
9. Shawqi'mli' sesler ha'm muzi'kali'q sesler haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## *2-sabaq.* XALI'Q SAZLARI' ORKESTRININ' TARLI'-URI'P HA'M ILIP SHERTILETUG'I'N SAZ A'SBAPLAR TOPARI'

Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-uri'p ha'm ilip shertiletug'i'n saz a'sbaplar partiturasi'na demli (u'pleme) saz a'sbaplar topari'nan son' to'mendegi nota qatarlari'n birlestirip jaylasti'ri'ladi'.

Tarli'-uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'na I ha'm II chang a'sbaplar kiredi, bo'lek qatarlarg'a jazi'ladi'.



Ilip shertiletug'i'n (mediator ha'm barmaqlar ja'rdeminde) sazlar topari' yen' u'lken topar boli'p yesaplanadi'. Wog'an prima rubablari', qashqar rubablari', afgan rubablari', duwtarlar, duwtar-baslar, duwtar-kontrabaslar kiredi ha'm wo'z aldi'na bo'lek qatarlarg'a jazi'ladi'.



Ati' atalg'an toparlar, saz a'sbaplari' jeke tu'rde ha'm birgelikte tiykarg'i' namani' atqari'w menen birge, joldas (2-da'rejeli) nama jollari' ha'm usi'l-garmoniya ko'rinisinde qosi'li'wi' da mu'mkin.

*Klass fonotekasi'nan «Qaraqalpaq xali'q sazlari' orkestri»nin' atqari'wi'nda Qaraqalpaq xali'q namasi' «Xalqali'» namasi'n ti'n'lan'. Qayta islengen Q. To'legenov.*

## MUZI'KADA GILTLER

Muzi'kada 10 gilt bar. Wolar saz a'sbaplari' ha'm insan dawi'si'ni'n' ba'lentligin notag'a ali'wda yaki atqari'p beriwde u'lken qolayli'qlar jaratadi'. Ken' tarqalg'an, ha'mme biliwi tiyis bolg'an giltler 2. Wolar — Skripka gilti ha'm Bas gilti. Skripka gilti 1-oktavadag'i' «sol» notasi'n ko'rsetedi:



Bas gilti bolsa kishi oktavadag'i' «fa» notasi'n ko'rsetedi:



Joqari' sesler skripka giltinde, pa's sesler bas giltinde jazi'ladi':



?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Tarli'-uri'p ha'm ilip shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'na qaysi' saz a'sbaplari' kiredi?
2. Xali'q sazlari' orkestrinin' atqari'wi'ndag'i' «Xalqali'» namasi'nan yeslep qalg'an u'zindisin dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.
3. Muzi'kada neshe gilt bar? Ken' tarqalg'ani' qaysi'lari'?
4. O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' Ma'mleketlik gimnlerin birlikte ayti'p u'yrenin'.

## *3-sabaq*. XALI'Q SAZLARI' ORKESTRININ' URI'P SHERTILETUG'I'N SAZ A'SBAPLARI' TOPARI'

Xali'q sazlari' orkestrinin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'nda da'p, nag'ara, qayraq, safoyil si'yaqli' wo'zbek xali'q sazlari' menen birge Evropa saz a'sbaplari' — litavralar, baraban, tarelka si'yaqli'lari'n da ushi'rati'w mu'mkin.

Kompozitorlar ha'm orkestr ushi'n sazlasti'ri'wshi' qa'nigeler partiturasi' jazi'li'p ati'rg'an shi'g'armani'n' xarakterine, obrazi'na qarap uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari'n tan'laydi'. Ma'selen, toy saltanati'n bildiriwshi shi'g'armalarda nag'ara, qosi'qlarda da'p, xorezmshe ayaq woyi'nlarda qayraq, uyg'i'rsha namag'a safoyil paydalani'lsa jaqsi' boladi'. Evropa saz a'sbaplari' da muzi'kani' ja'ne de bayi'tadi'.



Klass fonotekasi'nan «Qaraqalpaq xali'q sazlari' orkestri»nin' atqari'wi'nda A. Sultanovti'n' «Qaraqalpaq syuitasi'» shi'g'armasi'n ti'n'lan'.*

## AZIZ USTOZLAR

*Sobir Boboyev* muzi'kasi'

*To'lqin* so'zi






Doim aziz hurmatingiz,
Unutmaymiz mehnatingiz.

N a q a r o t :

Jonajonlar, mehribonlar,
Aziz ustozlar.

Boshimizni siladingiz,
Bizga oq yo'l tiladingiz.

N a q a r o t

Sizlar bizning baxtimizsiz,
Dillardagi ahdimizsiz.

N a q a r o t

Sizga izzat, sizga hurmat,
Yosh qalblarda bo'ling har vaqt.

N a q a r o t

## NOTA SOZI'MLI'G'I' HA'M WOLARDI'N' JAZI'LI'WI'

Muzi'kada notalar wo'z atamasi'na iye boli'w menen birge, tu'rli sozi'mli'qqa da iye. Wolardi'n' ko'rinisin to'mendegishe su'wretlew mu'mkin:



Pu'tin nota

Yari'm nota

Sherek nota

Segizlik nota ha'm basqalar...

«Sol» notasi'n mi'sal yetip ali'p, 4/4 wo'lsheminde jazi'lsa mi'naday ko'riniske iye boladi':



Notadan keyin noqat qoyi'w menen nota sozi'mli'g'i'n ten' yari'mi'na uzayti'w mu'mkin:



Kompozitorlar tu'rli nota ha'm nota sozi'mli'qlari'n tan'lap, jan'a i'rg'aq, nama jaratadi'.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari' topari'na kiretug'i'n qaysi' saz a'sbaplardi' bilesiz ha'm wolardi' qalay tan'lap paydalani'w mu'mkin?
2. Klass fonotekasi'nan ti'n'lag'an naman'i'zda qanday saz a'sbaplari' barli'g'i'n bilip aldi'n'i'z?
3. Nota sozi'mli'g'i' ha'm wolardi'n' jazi'li'wi' haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## *4-sabaq.* XALI'Q SAZLARI' ORKESTRININ' TARLI'-TARTQI'SHLI' SAZ A'SBAPLARI' TOPARI'

Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-tartqi'shli' a'sbaplari' topari'na I, II Girjekler, Girjek — alt, Qobi'z – bas, Qobi'z—kontrabaslar kiredi ha'm wolar 5 nota si'zi'g'i'n iyelep, partiturani'n' yen' to'mengi bo'liminen wori'n alg'an. Atap wo'tilgen saz a'sbaplar shi'g'armani'n' tiykarg'i' nama — nama i'rg'ag'i'n atqari'w menen birge, janapay i'rg'aqlar ha'm usi'l—garmoniya ko'rinisinde qosi'li'p atqari'li'wi' da mu'mkin.



*Klass fonotekasi'nan Qaraqalpaq xali'q namasi' «Qara jorg'a» namasi'n' ti'n'lan'. Qayta islegen Q. Zaretdinov.*

# OKTAVALAR ATALI'WI' HA'M KO'RINISI



## SES QATARLAR HA'M OKTAVALAR

Ses qatarlari' — joqari'g'a yaki to'menge saz a'sbaplari'nda shertilip, insan hawazi' menen ayti'latug'i'n muzi'kali'q seslerdin' basqi'shli' du'zilisi boli'p yesaplanadi'. Ma'selen:



Ses qatarlar bar bolg'an barli'q seslerden de du'ziliwi mu'mkin.

Oktavalar 8 muzi'kali'q sesler basqi'shlari' bo'limlerin wo'z ishine alg'an boli'p, 16-bette ko'rsetilgenindey boli'p ataladi' ha'm nota qatari'nda ko'rinedi. (Lati'n ha'ripleri ha'm cifrlari' menen qalay belgilengenligine de itibar berin'.)

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-tartqi'shli' saz a'sbaplari' topari'na qanday sazlar kiredi?
2. Xali'q sazlari' orkestri degende neni tu'sinesiz?
3. Q. Zaretdinovti'n' qayta islegen qaraqalpaq xali'q namasi' «Qara jorg'a» shi'g'armasi'nda tarli'-tartqi'shli' sazlardi'n' qollani'li'wi' ha'm wolardi'n' worni' haqqi'nda ayti'p berin'.
4. Ses qatarlar ha'm oktavalar haqqi'nda nelerdi bilesiz?
5. «Aziz ustozlar» qosi'g'i'n birgelikte ayti'p, jaqsi' u'yrenip ali'n'.

## *5-sabaq.* XOR WO'NERI

Muzi'ka ma'deniyati'nda xor wo'neri u'lken a'hmiyetke iye. Aldi' menen «xor»di'n' ne yekenligin bilip ali'w kerek. Saz a'sbaplari' atqari'wi'nda ko'p dawi'sli' muzi'kani' ti'n'lag'ani'mi'zday, xorda da yeki, u'sh ha'm wonnan arti'q dawi'sta ayti'wg'a ha'm ti'n'lawg'a u'yrengenbiz. Xor so'zin yeki ma'niste tu'siniw mu'mkin. Birinshisi — qosi'qshi'lar ja'ma'a'ti bolsa, yekinshisi — xor ja'ma'a'tinin' atqari'wi'na arnali'p jazi'lg'an muzi'kali'q shi'g'arma tu'siniledi.

Xorda 4 tu'rli dawi's bar: hayal-qi'zlarg'a yaki balalarg'a ta'n bolg'an — s o p r a n o ha'm a l t dawi'slar, yerkeklerge ta'n bolg'an — tenor ha'm b a s dawi'slar. Atap wo'tilgen dawi'slardag'i' ha'rbir qosi'qshi' wo'z wazi'ypasi'n tu'singen jag'dayda tuwri' atqarg'anda g'ana xordi'n' toli'q, jag'i'mli' ha'm ko'rkem obrazli' yesitiliwine imkan jarati'ladi'.

*Klass fonotekasi'nan S. Palwanovti'n' «Yerkinlik hawazi'» shi'g'armasi'n ti'n'lan'.*

## XORDA ATQARI'W USHI'N XALI'Q QOSI'QLARI'N QAYTA ISLEW

Professional kompozitorlar xor ushi'n original shi'g'armalar do'retiw menen birge ko'p dawi's penen xor ja'ma'a'tleri ayti'w ushi'n xali'q qosi'qlari'n qayta islegen. XX a'sirdin' 50-ji'llari'nda-aq M.Burhanovti'n' xor a' kapellalari' u'lgi bolarli'q da'rejede abi'rayg'a yerisken. Bunda woni'n' «Yorlarim», «Endi sendek» shi'g'armalari'n atap wo'tiw mu'mkin. Sonday-aq, M.Burhanov sol ji'llari' qaraqalpaq xali'q qosi'g'i' «Biybigu'l»di de xor ushi'n qayta islegen.

Qaraqalpaq muzi'kasi' tariyxi'nda xali'q qosi'qlari'n qayta islew 50-ji'llardi'n' aqi'ri'nda payda boldi'. Bunda kompozitorlardan S.Da'wletkeldieva, A.Xalimov, S.Palwanovlar bir qatar xor a' kapellalar jaratti'. «Dembermes», «Qi'zminayi'm», «Ayrali'q» si'yaqli' xorlar solardi'n' ayqi'n mi'sali'.

Keyinirek, M.Burhanovti'n' izi menen ko'plegen kompozitorlar xali'q qosi'qlari'n xorg'a maslasti'rdi'. Bularg'a S.Babaevti'n' «Chaman ichra» I.Akbarovti'n' «Qoyilman», B.Umidjanovti'n' «Qilpillama», Sh.Yormatovti'n' «Boychechak», «Chittigul», «Gullola», M.Bafoevti'n' «Bahoriya», «Mavrigi» si'yaqli' shi'g'armalari'n mi'sal yetiwge boladi'.

# BIYBIGU'L

*Xor a' kapella ushi'n*

*Mutal Burhanov* qayta islegen




ff
mf
p
Biy - bi - gu'l.
gu'l.
Kel, jol - das - lar sha - qi' - ra - man
Kel, jol - das - lar kel.
sha - qi' - ra - man
Kel, jol - das - lar kel.
ja - ri's - qa,
Bir bi - rew - den al - g'a wo - zi'p ba - ri's - qa,
Sha - qi' - ra - man ja - ri's - qa, ho!
ja - ri's - qa,
Sha - qi' - ra - man ja - ri's - qa, Bir bi - rew - den wo - zi'p (ho)
Sha - qi' - ra - man ja - ri's - qa, ho!
Al - g'a
ba - ri's - qa.
al - g'a ba - ri's - qa.
ho. ho. ho. ho. Biy - bi - gu'l.
ba - ri's - qa.
gu'l.


p
ho, ho, ho, ho, Biy - bi - gu'l.
p
gu'l.
mf
Mol a - li'w - g'a zu' - ra' - ha't - ti
mf
Ho!
p dolce
Ho, ho,
ho, ho, G'ay-rat - la - ni'p er - te (ho)
p dolce
Ho, ho,
ho!
Tur - di'
pax - ta - dan.
G'ay rat - la - ni'p er - te tur - di' Biy - bi - gu'l.
Ho!
tur - di' Biy - bi - gu'l ho, ho, ho, ho, Biy - bi - gu'l
p
mf
p
Biy - bi - gu'l.
mf
gu'l.
Biy - bi - gu'l.
mf
ho, ho, ho, ho, Biy - bi - gu'l
mf
gu'l


ff
Je - ti - se - yik biz - ler ta - za ta - bi's - qa, Dey - di bi - zin'
Je - ti - se - yik biz, biz - ler ta - za ta - bi's - qa. ho!
biz - ler ta - za ta - bi's - qa,
Je - ti - se - yik biz, biz - ler ta - za ta - bi's - qa. Dey - di bi - zin'
Je - ti - se - yik biz, biz - ler ta - za ta - bi's - qa. ho!
p
je - n'im - paz qi'z Biy - bi - gu'l. Biy - bi - gu'l.
je - n'im - paz qi'z Biy - bi - gu'l.
Al - g'a Biy - bi - gu'l.
p dolce
mf
Ho, ho, ho, ho, Biy - bi -
gu'l.
Ho, ho, ho, ho, Biy - bi - gu'l.
gu'l.




## TON HA'M YARI'M TONLI'QLAR

Royal, pianino ha'm akkordeonda aq ha'm qara klavishler bar. Yeger qatarlasi'p kelgen aq klavish arali'g'i'nda qara klavish bolmasa bul klavishlerden kelip shi'g'atug'i'n sesler arali'g'i' y a r i ' m  t o n boladi'. Bunday yari'm tonlar MI-FA ha'm SI-DO klavishleri arali'qlari'nda ushi'rasadi'.

Yeger yeki aq klavish arali'g'i'nda qara klavish bolsa, bul yeki aq klavish arali'g'i' p u ' t i n  t o n boladi'.

Yari'm tonlardi' pianinodag'i' aq ha'm qara klavishlerden de du'ziw mu'mkin. Ma'selen:

«DO» ha'm woni'n' jani'ndag'i' qara klavish arali'g'i' yari'm ton bolg'ani'nday, «RE» ha'm wog'an qatar turg'an to'mengi ha'm joqarg'i' qara klavishler arali'g'i' da yari'm tonnan ibarat. Yari'm tonlardan du'zilgen ses qatarlar t e m p e r a c i y a dep ataladi'.

«DO» notasi'nan du'zilgen ses qatarlarda ton ha'm yari'm tonli'qlar jaylasi'wi' to'mendegishe:




Usi' ses qatarlarda wonda keletug'i'n ton ha'm yari'm tonli'qlarg'a itibar berip, nota atlari' menen ani'q ha'm jag'i'mli' yetip ayti'p ko'rin'.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Xor degende neni tu'sinesiz ha'm qanday dawi'slardi' bilesiz?
2. Xor wo'nerinin' rawajlani'wi'na u'les qosqan ha'm qosi'p ati'rg'an qanday xor ja'ma'a'tlerin ha'm kompozitorlardi' bilesiz?
3. «Biybigu'l » qosi'g'i' qanday xor ushi'n qayta islengen ha'm woni' dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.

## *6-sabaq.* XOR USHI'N PROFESSIONAL JANRLARDA DO'RETIWSHILIK ISLEW

O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan kompozitorlari' ta'repinen xor ushi'n jazi'lg'an shi'g'armalardi'n' janrlari' ha'r tu'rli. Bular — qosi'q, syuita, oda (ta'riyip), vokal-simfoniyali'q poema, kantata, oratoriya, simfoniya si'yaqli'lar boli'p, usi' janrlarda ko'plegen shi'g'armalar jarati'lg'anli'g'i' bir qatar ilimiy maqalalarda, kitap ha'm sabaqli'qlarda atap wo'tilgen.

Kompozitorlardan M.Burhanovti'n' «Ma'mleketlik gimni», «Zarra gul», «Go'zal qizga» qosi'qlari', «Alisher Navoiyga qasida»si', M.Nasimovti'n' «Dilbarim» vokal-simfoniyali'q syuitasi', S. Yudakovti'n' «Mirzacho'l» syuitasi', «Mening Vatanim» kantatasi', S.Boboevti'n' «Xoral»i, «Aziz ustozlar» qosi'g'i', B.Umidjanovti'n' «Qorasoch», «Alla», «Oq kaptar» qosi'qlari', M. Bafoyevti'n' «Buxoro haqida» oratoriyasi', «Xor uchun» simfoniyasi', Sh.Yormatovti'n' «Maysa», «O'zbekiston tong yurtim», «Sog'lom avlod qo'shig'i», «Nurli

avlod» si'yaqli' qosi'qlari', G'.Qodirovti'n' «Ona qo'llari», «Maktabjon – oftobjon» kantatasi', N.Norxojaevti'n' «Chamandagi gullarmiz», «Zavqing soch, qaldirg'och», «Gul terdi gullar», «Yaxshi bola» si'yaqli' qosi'qlari', A.Mansurovti'n' «Hur Respublikam», «Oq kaptarning parvozi», «Ming assalom, ustozlar!», «Bolarilar» qosi'qlari', «Bolalar xori va orkestr uchun» 1-simfoniyasi', R.Abdullaevti'n' «Parvozdagi qushchalar», D. Omonullayevani'n' «Etikcham», «Diloromning qo'shig'i» si'yaqli' xor ushi'n professional janrlardag'i' do'retiwshiliktin' u'lgileri boli'p muzi'ka tariyxi'nda qaladi'.

Qaraqalpaq kompozitorlari'ni'n' xor ushi'n professional janrlarda do'retken shi'g'armalari' da bir qansha. Atap aytqanda S.Palwanovti'n' «Ari'wxan», «Dala a'rmanlari'» xor a'kapellasi', A.Xalimovti'n' «Menin' watani'm» kantatasi', N.Muxammedinovti'n' «Qaraqalpaqstan» vokal-simfoniyali'q kantatasi', Q.Zaretdinovti'n' «Aral mun'i'» xor a'kapellasi', «Posqan yel» simfoniyali'q poemasi', «Bozataw» simfoniyali'q poemasi', M.Jiyemuratovti'n', Q. Demesinovtin' bir qatar simfoniyali'q poemalari'n ayti'w mu'mkin.

*Klass fonotekasi'nan U. Abdullaevani'n' xali'q so'zine jazi'lg'an «A'welemen du'welemen» qosi'g'i'n ti'n'lan'.*

## MUZI'KADA LAD HA'M TONLI'Q TU'SINIKLERI

Muzi'kali'q sesler tu'rlishe ba'lent-pa'slikke iye yekenligin bilip aldi'n'i'z. Lad dep ses qatar basqi'shlari'ni'n' wo'z ara belgili bir qatnasi'na ayti'ladi'.

Muzi'kada xali'q ladlari' menen bir qatarda «Major» ha'm «Minor» dep atali'wshi' ladlar ken' qollani'ladi'. Wolar tu'rli xarakterge iye. kerisinshe, wo'lpen', jumsaq ha'm mun'li' ses beredi. Lad muzi'kali' shi'g'armani'n' xarakterin belgilewde de a'hmiyetli.



Du'zilisleri: Major – 1 ton, 1 ton, 1/2 ton, 1, 1, 1, 1/2 ton
Minor – 1 ton, 1/2 ton, 1, 1, 1/2, 1, 1 ton

Aji'rati'p biliw tiykari'nan I—III basqi'shlar arali'g'i' tonlari' ji'yi'ndi'si'na qarap belgilenedi: majorda — yeki ton, minorda – bir yari'm ton.

Tonli'q dep major yaki minor ladi'n ani'q bir notadan du'ziliwine ayti'ladi'. Ma'selen: Do — major, Lya — minor, Sol — major, Mi — minor ha'm t.b.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Xali'q qosi'qlari'n xor ushi'n qayta islegen qaysi' kompozitorlardi' bilesiz? Shi'g'armalari'n atap wo'tin'.
2. Lad dep nege ayti'ladi'?
3. Major ha'm minordi' bir-birinen qalay aji'rati'w mu'mkin? Du'zilisi qanday boladi'?
4. Tonli'q dep nege ayti'ladi'?

## *7-sabaq.* XOR JA'MA'A'TININ' DU'ZILISI HA'M TU'RLERI

Ha'rqanday atqari'wshi'lar ja'ma'a'ti belgilengen ta'rtip-qag'i'ydalar tiykari'nda du'ziledi. Xor ja'ma'a'tleri de qag'i'ydag'a muwapi'q birneshe tu'rge bo'linedi. Tek yerkeklerden du'zilgen xor — *yerkekler xori'*, hayal-qi'zlardan du'zilgen xor — *hayal-qi'zlar xori'* dep ataladi'. Yerkekler ha'm hayal-qi'zlardan du'zilgen xor *aralas xor* dep ataladi'. Tek balalardan du'zilgen xor *balalar xori'* dep ataladi'. Balalar xori' aralas xorda da qatnasi'wi' mu'mkin.

Xor ja'ma'a'tleri xor shi'g'armasi'n orkestrde yaki xali'q sazlari' a'sbaplari'nda atqari'wi' mu'mkin. Saz a'sbaplardi'n' ja'rdemisiz, tek wo'z dawi'slari' menen atqari'latug'i'n xor *kapella* dep ayti'ladi'. Kapella ushi'n jazi'lg'an xor shi'g'armasi' *a' kapella* dep ayti'ladi'.

Xor qatnasi'wshi'lari'ni'n' sani' 20—30 dan baslap, ayi'ri'm jag'daylarda 1000 ha'm wonnan da ko'p boli'wi' mu'mkin. *Kamer xor, U'lken xor, Ji'yma xor* dep tiykari'nan xor qatnasi'wshi'lari'ni'n' sani'na qarap ayti'ladi'.



Xor ja'ma'a'tlerinin' saxnag'a shi'g'i'wi', shawqi'msi'z jaylasi'wi' ha'm shi'g'i'p ketiwin sabaq bari'si'nda woqi'wshi'lar ja'rdeminde ko'rsetip beriw mu'mkin:

— Saxnag'a shi'g'i'p ati'rg'anda aldi' menen birinshi qatar shi'g'i'p turi'p aladi', son' qalg'an qatarlar jaylasadi'.

Saxnadan shi'g'arda birinshi qatar bir adi'm aldi'g'a wo'tip, qalg'an qatarlardi'n' ta'rtipli shi'g'i'p ketiwin ku'tip turadi'. Bul — saxna ma'deniyati' delinedi.

*Klass fonotekasi'nan «Berdaq babam» balalar xori' ushi'n (U. Abdullayeva muzi'kasi'), «Yerkinlik samali'» aralas xor ushi'n (S.Palwanov), «Ha'wjar» — hayal qi'zlar xori' ushi'n jazi'lg'an shi'g'armalardan ti'n'lan' ha'm talqi'lan'.*

# WATAN

*K. Raxmanov* so'zi

*S. Palwanov* muzi'kasi'






La'zzet berer jasi'llang'an bag'lari'n',
Nuri'n shashar atqan shadli' tan'lari'n'.
Qayda barsam, ju'rsem qaysi' joli'n'da,
Ku'tip alar azat alti'n da'wrani'm.

Naqi'rati':

Quyash ku'ler aspani'n'da,
Ma'rtlik qalar da'stani'n'da,
Waqi't seni nurg'a bo'ler,
Wo'tip barar asqari'n'da,
Ma'n'gi saw bol, Ana Watan,
Ma'n'gi saw bol, Ana Watan.

Bostan boldi' jatqan san'i'raw dalalar,
Jan'a zaman baxti'n wo'ber dalalar.
Dosli'g'i'mi'z baslawda jen'impaz joldan,
Senin' dan'qi'n' jer ju'zine taralar.

Naqi'rati':

Quyash ku'ler aspani'n'da,
Ma'rtlik qalar da'stani'n'da,
Waqi't seni nurg'a bo'ler,
Wo'tip barar asqari'n'da,
Ma'n'gi saw bol, Ana Watan,
Ma'n'gi saw bol, Ana Watan.

## MUZI'KADA ALTERACIYA BELGILERI

Muzi'kada alteraciya belgileri ha'mme waqi't ushi'rasadi'. Wolardi'n' ko'rinisi, jazi'li'wi' ha'm qollani'li'wi'n puxta bilip ali'w za'ru'r:

♭ (bemol) – dawi'sti' yari'm ton pa'seytiw belgisi;

♯ (diyez) – dawi'sti' yari'm ton joqari' ko'teriw belgisi;

♮ (bekar) – bemol yaki diezdi biykarlaw belgisi.

Alteraciya belgileri giltlerden keyin yaki notalardi'n' aldi'na shi'g'arma tonli'g'i' ha'm i'rg'ag'i'ni'n' wo'zgeriwine qarap qoyi'ladi'.

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Xor ja'ma'a'tlerinin' du'zilisi, tu'rleri haqqi'nda nelerdi bilesiz?
2. Saxna ma'deniyati' xor atqari'wshi'li'g'i'na da baylani'sli' ma?
3. Joqari'da ti'n'lang'an qosi'qlar qanday ja'ma'a'tlerdin' atqari'wi'nda jazi'p ali'ng'an?
4. «Watan» qosi'g'i'nda qanday alteraciya belgileri bar? Birgelikte atqari'n'.
5. Qosi'q qaysi' tonli'qta jazi'lg'an?
6. Alteraciya belgilerin si'patlap berin'.
7. Keyingi sabaqqa deyin 1-sherekte muzi'ka sawati'nan u'yrengen bilimlerin'izdi qi'sqasha bayan ta'rizinde jazi'p kelin'.

## *8-sabaq* XALI'Q SAZLARI' ORKESTRI HA'M XOR USHI'N O'ZBEKISTAN KOMPOZITORLARI' SHI'G'ARMALARI'NI'N' A'HMIYETI

Bu'gingi ku'nde O'zbekistanda xali'q saz a'sbaplari'nan du'zilgen birqansha orkestrler xi'zmet ko'rsetip kelmekte. Bular —Toxtasi'n Jalilov ati'ndag'i' Ma'mleketlik orkestr, O'zbekistan teleradiokompaniyasi' jani'ndag'i' Doni Zakirov ati'ndag'i' orkestr, «Sogdiana» kamer orkestri, Konservatoriya, Ma'deniyat instituti' ha'm Respublika muzi'ka, ko'rkem wo'ner kolledjleri talabalari'nan du'zilgen orkestrler.

Qaraqalpaqstanda Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik muzi'kali' teatri' jani'ndag'i' simfoniyali'q orkestr, Ma'deniyat ha'm sport ministrligine qarasli' Xali'q sazlari' orkestri bar.

Respublikami'zda bar bolg'an xor ja'ma'a'tleri ha'm wolar ushi'n jarati'lg'an shi'g'armalar, kompozitorlardi'n' do'retpeleri haqqi'ndag'i' mag'luwmatlardi' siz aldi'ng'i' sabaqlarda wo'zlestirip alg'ansi'z.

Ha'zirgi da'wirde de joqari'da atap wo'tilgen ja'ma'a'tler ushi'n kompozitorlar jan'adan-jan'a shi'g'armalar jarati'p bermekte. Wolar ha'r ku'ni radio-televidenie tolqi'nlari'nda, koncert zallari'nda jan'lamaqta.

Muzi'ka ma'deniyati'mi'zdi'n' ja'ne de rawajlani'wi' bari'si'nda xali'q sazlari' orkestri ha'm xor ushi'n O'zbekistan kompozitorlari'ni'n' do'retiwshiligi u'lken a'hmiyetke iye.

*Klass fonotekasi'nan M. Bafoyevti'n' «Naqshlar» (duwtar ha'm orkestr ushi'n) shi'g'armasi'nan u'zindi ti'n'lan'.*

### PARTITURALAR HA'M KLAVIRLER

Ha'rqanday muzi'ka i'rg'ag'i' shi'g'arma si'pati'nda notag'a tu'sirilgen jag'dayda, woni'n' ko'rinisi partitura yaki klavir tu'rinde boladi'.

P a r t i t u r a — ansambl, xor, orkestr ushi'n jazi'lg'an shi'g'armani'n' notadag'i' jazi'li'wi'. Bunday ja'ma'a'tlerdin' ha'rbir qatnasi'wshi'si' birgelikte atqaratug'i'n i'rg'aqlari', partiturada qag'i'ydalar

boyi'nsha to'mengi-joqarg'i' yetip ko'p qatarli' arnawli' nota da'pterine jaylasti'ri'lg'an boladi'.

K l a v i r bolsa sol ansambl, xor, orkestr yaki saxna shi'g'armalari' muzi'kasi'nan i'qsham tu'rde, dawi's ha'm fortepiano atqari'wi' ushi'n mo'lsherlep jazi'lg'an nota da'pterindegi yaki toplamlarda basi'p shi'g'ari'lg'an ko'rinisi boli'p tabi'ladi'.

Mektebin'iz kitapxanasi'nda bar bolg'an partitura ha'm klavirler menen tani'si'p, pikir almasi'n'.

### I sherek boyi'nsha soraw ha'm tapsi'rmalar

1. O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Ma'mleketlik gimnlerinin' avtorlari' kimler?
2. Gimnlerdin' muzi'kasi'ni'n' namasi' qanday? (Saltanatli' marsh tempinde me, yoshli' ma ya qayg'i'li' ma?)
3. Xali'q sazlari' orkestrleri ha'm xorlardi'n' du'zilisi haqqi'nda ayti'p berin'.
4. Ton yaki yari'm tonlar haqqi'nda ayti'p berin'.
5. «Ustazi'm» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kimler? Qosi'qti'n' mazmuni'n ayti'p berin'.
6. Major, minor ladlari' ha'm wolardi'n' tonli'g'i'n sali'sti'ri'n'.
7. «Watan» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kimler? Qosi'q i'rg'ag'i' qanday? Mazmuni'-she?
8. Muzi'kada qansha gilt bar? Ken' tarqalg'ani' qaysi'lar?
9. I sherek dawami'nda ti'n'lag'an shi'g'armalari'n'i'zdi' atap wo'tin'.
10. To'mendegi mi'salg'a qanday wo'lshew belgisi qoyi'li'wi' kerek?



# SIMFONIYALI'Q ORKESTR. MUZI'KADA VOKAL-SIMFONIYALI'Q JANRLAR

## *1-sabaq*. SIMFONIYALI'Q ORKESTR HA'M WONI'N' TARLI'-TARTQI'SHLI' SAZ A'SBAPLAR TOPARI'

Simfoniyali'q orkestr orkestrler ishinde pu'tkil du'nyag'a ken' tarqalg'ani' menen ha'mmege belgili. Woni'n' qurami'na kiretug'i'n saz a'sbaplari' ha'm atqari'w jo'nelisleri tiykari'nan XVIII a'sirde qa'liplesken. Nemis kompozitori' — Lyudvig Van Betxoven, rus kompozitori' Pyotr Ilich Chaykovskiy, wo'zbek kompozitori' Mursadi'q Tajiyevlar simfoniyali'q orkestr ushi'n u'lken do'retiwshilik u'lgilerin jarati'p, simfoniya, koncert, poema, uvertyura si'yaqli' janrlardag'i' shi'g'armalardi' keleshek a'wladqa qaldi'rdi'. Bul orkestr ushi'n ko'plegen jan'a kompozitorlar da ibratli' shi'g'armalar jarati'p kelmekte.

Simfoniyali'q orkestrde saz a'sbaplar to'rt toparg'a bo'linedi ha'm partiturada joqari'dan to'menge qaray to'mendegishe jaylasadi':

— ag'ashtan jasalg'an u'pleme saz a'sbaplar;
— mi's u'pleme saz a'sbaplar;
— uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplar;
— tarli'-tartqi'shli' saz a'sbaplar.

Tarli'-tartqi'shli' saz a'sbaplar topari' — orkestrdin' yen' tiykarg'i' topari' yesaplanadi'. Bul toparg'a I, II skripkalar, alt, violonchel, kontrabaslar kiredi ha'm wolar 5 nota qatarlari'n iyelep, partituralardi'n' yen' to'mengi bo'liminen wori'n alg'an. Atap wo'tilgen saz a'sbaplar shi'g'armani'n' tiykarg'i' bo'legin shertiw menen birge, joldas i'rg'aqlar ha'm usi'l-garmoniya ko'rinislerinde qosi'li'p shertiliwi mu'mkin.





*Klass fonotekasi'nan To'lqin Qurbonovti'n' «To'yona», Mirxalil Mahmudovti'n' «Muxammas va ufor» shi'g'armalari'n ti'n'lan'.*

## OLTIN KUZ QO'SHIG'I

*Normurod Narzullayev* so'zi

*Avaz Mansurov* muzi'kasi'

**Kewilli**






2. Bog‘da ter to‘kar bog‘bon,
Hosilini teradi.
Dalada bobodehqon
G‘allasini o‘radi.

To‘kin bo‘lsa dasturxon,
Kuy-qo‘shiq ham yarashar.
Bulbullar sho‘x g‘azalxon,
Tinch bo‘stonda sayrashar.

Naqarot



# MUZI'KADA DINAMIKALI'Q BELGILER

Nama i'rg'aqlari'ni'n', qosi'qlardi'n' atqari'li'wi' jag'i'mli' boli'wi' yaki bir muzi'kali'q obrazdi' ja'ne de bayi'ti'n'qi'rap ti'n'lawshi'g'a jetkeriw ushi'n muzi'kada dinamikali'q belgiler qollani'ladi'. Sestin' qanday ken'eyiwin ko'rsetiwshi, italianshadan ali'ng'an bul belgilerdin' atamalari'n ha'm ma'nisin pu'tkil du'nya xali'qlari' birdey tu'sinedi. Dinamikali'q belgiler to'mendegishe jazi'ladi' ha'm ayti'ladi':

***p*** (piano) – ku'shsiz, a'ste;
***pp*** (pianissimo) – ju'da' ku'shsiz;
***mp*** (metso piano) – ku'shsizirek;
***f*** (forte) – ku'shli, qatti';
***ff*** (fortissimo) – ju'da' ku'shli;
***mf*** (metse forte) – ku'shlirek;
< (creschendo) – ku'sheytip bari'w, qi'sqa italyansha jazi'li'wi' — «cresc»;

> (diminuendo) – ku'shsizlendirip bari'w, qi'sqa italyansha jazi'li'wi' — «dim».

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Simfoniyali'q orkestr ha'm woni'n' qurami'na kiriwshi saz a'sbaplar topari' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Simfoniyali'q orkestr ushi'n jazi'latug'i'n shi'g'armalar janrlari'n bilesiz be?
3. Qaysi' kompozitorlar simfoniyali'q orkestr ushi'n u'lken do'retiwshilik u'lgilerin jaratqan?
4. Tarli'-tartqi'shli' sazlar topari' qaysi' saz a'sbaplari'nan ibarat? Talqi'lap berin'.
5. Ti'n'lag'an shi'g'armalari'n'i'z haqqi'nda ta'sirlerin'iz qanday?
6. «Oltin kuz» qosi'g'i'n u'yrenip alg'an bolsan'i'z sol qosi'qti'n' namasi'n dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.
7. Muzi'kada ushi'rasatug'i'n dinamikali'q belgilerdi ayti'p, tu'sindirip berin'.

## *2-sabaq.* SIMFONIYALI'Q ORKESTRDIN' AG'ASH HA'M MI'STAN JASALG'AN U'PLEP SHERTILETUG'I'N SAZ A'SBAPLARI' TOPARI'

Du'nyada u'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplari'ni'n' tu'ri ko'p. Simfoniyali'q orkestrge kirgizilgen sonday saz a'sbaplari' yeki tu'rge — ag'ash ha'm mi's u'pleme saz a'sbaplari' boli'p bo'linedi.

Ag'ashtan jasalg'an u'pleme saz a'sbaplari' topari'na fleyta, goboylar, klarnet ha'm fagotlar kiredi. Bul a'sbaplarda wori'nlanatug'i'n muzi'ka partiturani'n' yen' joqarg'i' nota jollari'na jazi'ladi'.

Mi's u'pleme a'sbaplar topari'na valtornalar (ko'binese 4), trubalar (2), trombonlar (3) ha'm tuba (1) kiredi.

*Klass fonotekasi'nan U.Abdullaevani'n' «Wo'mirbek» baletinen u'zindi ti'n'lan'.*

### NOTA SOZI'MLI'G'I'N UZAYTI'WSHI' BELGILER

I'rg'aqlar ra'n'ba'ren' shi'g'i'wi' ushi'n kompozitorlar to'mendegi ayi'ri'm notalar sozi'mli'g'i'n «tochkalar» ha'm «ligalar» (notalardi' baylani'sti'ri'wshi' si'zi'qlar) ja'rdeminde uzaytadi'.

Tochkalar (·) ja'rdeminde nota ten' yari'mg'a uzayadi' ja'ne de tu'sinikli boli'wi' ushi'n sanlar menen ko'rsetiw mu'mkin:

𝅝 (4 sherek) — 𝅝. (6 sherek) = 4+2=6
𝅗𝅥 (2 sherek) — 𝅗𝅥. (3 sherek) = 2+ 1= 3
𝅘𝅥 (1 sherek) — 𝅘𝅥. (3 segizlik) = 1+0,5 = 1,5

Liga ja'rdeminde bolsa nota sozi'mli'g'i'n ha'r qansha uzayti'wg'a boladi':




ha'm t.b.

Bunday jag'daylarda nota sestin 1 demde ayti'w yaki bir saz a'sbabi'nda u'zliksiz atqari'p turi'w za'ru'r.





?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Simfoniyali'q orkestr qurami'na kiriwshi ag'ash ha'm mi's u'pleme saz a'sbaplari'n talqi'lap berin'.
2. Simfoniyali'q orkestrden ti'n'lag'an u'zindin'izde ag'ash ha'm mi's u'pleme saz a'sbaplari'ni'n' worni' qanday?
3. U'yrengen qosi'g'i'n'i'zdi' sherik tan'lap, birge ayti'p berin'. Sol qosi'qti'n' avtorlari'n bilesiz be?
4. Nota sozi'mli'qlari'n uzayti'wshi' qanday belgiler bar ha'm wolar ne ushi'n qollani'ladi'?
5. Klasta bar nota toplamlari'nan tochka ha'm liga qollani'lg'an jerlerin ko'rsetin'.

## *3-sabaq.* SIMFONIYALI'Q ORKESTRDIN' URI'P SHERTILETUG'I'N SAZ A'SBAPLARI' TOPARI'

Simfoniyali'q orkestrdin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari' topari'nda 20 dan arti'q du'nyag'a belgili tu'ri qollani'li'wi' mu'mkin. Lekin, litavralar, baraban, tarelka si'yaqli' a'sbaplar ba'rqulla qollani'ladi'.



Muzi'ka milliy i'rg'aqta jan'lawi' ushi'n O'zbekistan kompozitorlari'ni'n' orkestrge da'p ha'm nag'arani' qosi'p isletiwi qulag'i'mi'zg'a sin'ip ketken. Bul i'rg'aqlarda wo'zgeshe zawi'q bar.

*Klass fonotekasi'nan Avaz Mansurovti'n' «Navro'z bayramiga!» uvertyurasi'n ti'n'lan'.*

## QUMI'RSQA

*X.Saparov* so'zi

*J. Shamuratov* muzi'kasi'




Ha qumi'rsqa, qumi'rsqa,
Belin' nege jin'ishke.
Asi'wlani'p uri'spa,
Meniki tek degishpe.

Bizge arnap kelipsen',
Nege qonaq bolmaysan'.
Toyg'i'zayi'n desem men,
Ya bir jerde turmaysan'.

Jan'ag'i' jegen nani'mni'n',
Usag'i' bar qaltamda.
Miynet penen tapqani'n',
Mazali' shi'g'ar wonnan da.

# MUZI'KADA PAUZALAR

Pauzalar irkiliw (dem ali'w) belgileri boli'p tabi'ladi'. Notalar si'yaqli' pauzalar da tu'rli sozi'mli'qta boladi'.

Ma'selen:


– pu'tin notag'a ten' mug'darda pauza;


– yari'm notag'a ten' mug'darda pauza;;


– ha'm basqa...

sherek, segizlik, won alti'li'q

Pauzalarg'a da uzayti'w belgilerinen (·) qoyi'li'wi' mu'mkin.



?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Simfoniyali'q orkestrdin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari' topari'nda qansha saz a'sbaplari'n paydalani'w mu'mkin? Ba'rqulla qollani'latug'i'nlari' qaysi'lar?
2. Simfoniyali'q muzi'ka ja'ne de milliy i'rg'aqta jan'law ushi'n nag'ara ha'm da'ptin' qollani'li'wi'na qalay qaraysi'z?
3. Avaz Mansurovti'n' «Navro'z bayramiga!» uvertyurasi'n ti'n'lap, alg'an ta'sirlerin'izdi ayti'p berin'.
4. «Qumi'rsqa» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kimler?
5. Pauzalar degende neni tu'sinesiz? Qanday tu'rleri boladi'? Jazi'p ko'rsetin'.

## *4-sabaq.* MUZI'KADA VOKAL-SIMFONIYALI'Q JANRLAR

Muzi'ka wo'nerinde janrlar ko'pligin jaqsi' bilesiz ha'm sanap bere alasi'z. V o k a l - s i m f o n i y a l i ' q janrlar da ken' tarqalg'an.

«Vokal-simfoniyali'q» degende neni tu'siniwimiz lazi'm?

«Vokal» — bul qosi'q ayti'wdi' an'latsa, «simfoniyali'q» degeni — simfoniyali'q orkestr ja'rdeminde atqari'li'wi'n bildiredi. Qosi'qti' jeke de, xor boli'p ayti'wi' da mu'mkin. Bunday ko'riniste jarati'li'p, atqari'li'p ati'rg'an shi'g'armani'n' janrlari'n ani'q belgilew mu'mkin. Bular v o k a l - s i m f o n i y a l i ' q  s y u i t a,  p o e m a,  o d a  (t a ' r i y i p),  k a n t a t a  y a k i  o r a t o r i y a larg'a bo'linedi.

*Klass fonotekasi'nan N. Muhameddinovtin' «Qaraqalpaqstan» vokal-simfoniyali'q kantatasi'n ti'n'lan'.*

### NO'KIS

*G. Nurlepesova* so'zi | *U. Abdullayeva* muzi'kasi'






Ta’riypin’ tillerde da’stan,
Ti’ni’sh yelsen’, ashi’q aspan,
Quyash boli’p Ku’nshi’g’i’stan,
Ku’lip turg’an yelsen’, No’kis!

Naqi’rati’:

No’kisim go’zzal bas qalam,
Gu’ldey jaynag’an jas qalam.
Ulli’ jasi’n’ qutli’ bolsi’n,
Toyi’n’a keldik, A’ssalam!

Ilim-bilim worayi’san’,
Xalqi’mni’n’ qutli’ jayi’san’,
Yelimnin’ jan sarayi’san’,
Baxti’mi’zsan’ bizin’, No’kis!

## INTERVALLAR HAQQI'NDA TU'SINIKLER

«Interval» so'zin, intervallar atlari'n baslang'i'sh klass muzi'ka sabaqlari'nda yesitken boli'wi'n'i'z mu'mkin. Lekin, 5-klasta intervallar haqqi'nda toli'q mag'luwmatqa iye bolasi'z.

«Interval» —bul lati'nshadan ali'ng'an so'z boli'p, arali'q ma'nisin an'latadi'. Muzi'kada bolsa yeki ses arali'g'i'n bildiredi. Muzi'kada 8 tiykarg'i' intervallar bar. Bular — prima, sekunda, tersiya, kvarta, kvinta, seksta, septima ha'm oktavalar.

Wolardi'n' ko'rinisi ha'm sanlar menen belgileniwi to'mendegishe:



prima (1) sekunda (2) tersiya (3) kvarta (4) kvinta (5)



seksta (6) septima (7) oktava (8)

Ha'rbir tiykarg'i' intervaldi'n' ani'q ton wo'lshemi bar. Primada — 0, sekundada — 1 ton, tersiyada —2 ton, kvartada — 2,5 ton, kvintada — 3,5 ton, sekstada — 4,5 ton, septimada —5,5 ton, oktavada — 6 ton.

Bunday intervallardi' ha'rqanday sesten joqari'g'a yaki pa'ske quri'w mu'mkin. Ma'selen, «re», «fa», «sol» notalari'nan kvartalar (2,5) quri'p ko'remiz:

joqari'g'a–

pa'ske –



# SAP, U'LKEN HA'M KISHI INTERVALLAR

Nota jazi'lg'an yaki yesitilip ati'rg'an yeki ses arali'g'i' – sap, u'lken ha'm kishi intervallarg'a bo'linedi.

Sap intervallarg'a prima (0 ton), kvarta (2,5 ton), kvinta (3,5 ton), oktava (6 ton) intervallari' kiredi.

To'mendegi intervallardi'n' u'lken ha'm kishi tu'rleri boladi':

| Intervaldi'n' ati' | Ton wo'lshemleri | |
|---|---|---|
| | u'lken | kishi |
| Sekunda | 1 ton | 0,5 ton |
| Tersiya | 2 ton | 1,5 ton |
| Seksta | 4,5 ton | 4 ton |
| Septima | 5,5 ton | 5 ton |

U'lken intervallardi' kishi intervallarg'a, kishi intervallardi' bolsa u'lken intervallarg'a wo'zgertiw ushi'n alteraciya belgilerinen paydalani'ladi'. Ma'selen:




ha'm t.b.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Muzi'ka wo'neri janrlari'n yeslen' ha'm «vokal-simfoniyali'q» jo'nelisindegi janrlardi' sanap, wolardi' bir-birinen qalay aji'rata alatug'i'ni'n'i'zdi' ayti'p berin'.
2. N. Muxameddinovti'n' «Qaraqalpaqstan» simfoniyali'q kantatasi'n ti'n'lap, qanday ta'sirler aldi'n'i'z?
3. Sap, u'lken ha'm kishi intervallar haqqi'ndag'i' bilimin'izdi doslari'n'i'zg'a ayti'p, tu'sindirip berin'.
4. «No'kis» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kimler? Qosi'qti' dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.

## *5-sabaq.* ODA (TA'RIYIP) JANRI'

Ko'rkem so'z ustasi', jeke atqari'wshi', xor ha'm orkestr ushi'n jarati'lg'an shi'g'armalarda qaysi' bir ulli' insan ta'riyip yetilse yaki Watandi' ardaqlasa, yoshli' atqari'lsa wolardi' Oda (ta'riyip) janri'nda jazi'lg'an dep belgilew mu'mkin. Kompozitorlar ha'm shayi'r birgelikte jarati'latug'i'n jan'a shi'g'armani'n' librettosi'n, yag'ni'y, mazmuni'n toli'q ashi'p beriwshi so'zlerdi ha'm qosi'q tekstlerin aldi'nnan kelisip jazi'p aladi'. Son' kompozitor bul libretto tiykari'nda tutas muzi'kali'q shi'g'arma — o d a jarati'wg'a kirisedi. Oda ko'birek bayram ha'm saltanatlarda atqari'ladi'.

## KANTATA HA'M ORATORIYALAR

Vokal-simfoniyali'q muzi'ka jo'nelisinde K a n t a t a janri' da ken' tarqalg'an. Bul janrda jarati'lg'an shi'g'armalarda ha'zirgi da'wir, jas tariyxti'n' a'hmiyetli waqi'yalari' sa'wlelenedi. Kantatalar saltanatli', lirik ha'm epik xarakterde jazi'li'p, birneshe bo'limlerden ibarat boli'wi' mu'mkin. Tamamlang'an ma'niske iye bo'limlerin ayi'ri'p-ayi'ri'p atqari'wg'a da boladi'.

**O r a t o r i y a** vokal-simfoniyali'q muzi'kani'n' yen' iri janri' boli'p, a'dette dramali'q temada jazi'ladi'. Dramali'q waqi'yalar so'z ha'm muzi'kada sezilip tursa da, ayti'p ati'rg'an jeke atqari'wshi'lar ha'm xor saxnada ha'reket yetpeydi. Oratoriyani'n' kantatadan parqi' woni'n' ko'lemi yesabi'nan u'lkenligi, epik-dramali'q xarakterde boli'wi' ha'm temasi'ni'n' ken'liginde boli'p yesaplanadi'.

*Klass fonotekasi'nan M. Burhanovti'n', A. Oripovti'n' librettosi'na jazg'an «Alisher Navoiyga qasida» shi'g'armasi'nan, Q. Zaretdinovti'n' «Posqan yel» oratoriyasi'nan u'zindiler ti'n'lan'.*

## MUZI'KADA REPRIZA (QAYTALAW) HA'M FERMATA BELGILERI

Muzi'kada ta'kirarlaw belgisi r e p r i z a dep ataladi'. Shi'g'armani'n' belgili bir bo'legin a'lbette qaytalaw tiyis bolsa, sol bo'limnin' basi'na repriza belgisi qoyi'ladi' , tamamlang'an jerinde

jabi'ladi'. Repriza belgisi shi'g'arma notasi'ni'n' almasi'p, sozi'li'p ketiwine jol qoymaydi'.

Muzi'kada da fermata belgisi ushi'rasadi'. Woni'n' ati' fermata (⌢) delinedi.

Fermata — nota, pauza yaki takt si'zi'g'i'ni'n' u'stine qoyi'li'wi' mu'mkin. Bul belgi bar jerde bir dem toqtaw menen atqari'li'p ati'rg'an shi'g'armag'a ko'rkemlik beriledi. Fermatalar u'lken qosi'qlarda da ko'p qollani'ladi'.

### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Qanday shi'g'armalardi' oda janri'nda jazi'lg'an dep belgilew mu'mkin?
2. Ti'n'lag'an «Alisher Navoiyga qasida» shi'g'armasi' sizde qanday ta'sir qaldi'rdi'?
3. Muzi'kada ushi'rasatug'i'n qaytalaw ha'm fermata belgileri haqqi'nda ayti'p berip, klasta bar notalardan qarap, sol belgilerdi ko'rsetin'.
4. «No'kis» qosi'g'i'n klaslaslari'n'i'z benen birgelikte ayti'n'.

### II sherek boyi'nsha soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Simfoniyali'q orkestr degen ne? Wolar ushi'n a'jayi'p shi'g'armalar do'retken qaysi' kompozitorlardi' bilesiz?
2. Tarli' ha'm tartqi'shli' saz a'sbaplar topari' qanday saz a'sbaplari'nan ibarat?
3. Dinamikali'q belgiler ne ushi'n qollani'ladi', wolar qalay jazi'ladi' ha'm ayti'ladi'?
4. U'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplar neshe tu'rge bo'linedi ha'm wog'an qaysi' saz a'sbaplari' kiredi?
5. Nota sozi'mli'g'i'n uzayti'wshi' belgiler haqqi'nda ayti'p berin'.
6. Simfoniyali'q orkestrdin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'nda qansha a'sbap qollani'ladi' ha'm wolar qaysi' saz a'sbaplari'?
7. «Navro'z bayramiga» uvertyurasi'ni'n' kompozitori' kim ha'm shi'g'arma haqqi'nda ayti'p berin'.
8. «Oltin kuz», «Qumi'rsqa», «No'kis» qosi'qlari'ni'n' avtori' kimler?
9. Oda janri' ha'm sol janrda jazi'lg'an shi'g'arma haqqi'nda ayti'p berin'.
10. Kantata ha'm oratoriyalar qanday xarakterde jazi'li'wi' mu'mkin?
11. «Qaraqalpaqstan» kantatasi'ni'n' kompozitori' kim?
12. To'mendegi dinamikali'q belgilerdin' ati'n ayti'p berin':



# OPPOQ QISH-EY, OPPOQ QISH

*Po'lat Mo'min* so'zi

*Anatoliy Varelas* muzi'kasi'

**Jumsaq, jay**






Dam olmoqda dalalar,
Keng vodiylar, daralar.
Fasl zavqi atrofga
Qo‘shiq bo‘lib taralar.

Naqarot:

Oppoq qish-ey, oppoq qish,
Eh qorlari yumshoq qish.
Chana, konki o‘ynatgan
Quvnoq qish-ey, quvnoq qish.

Tarnovlarda sumalak,
Ko‘llar oyna yaxmalak.
Ayting, ayting, bo‘lmasin,
Hech kim yo‘lda charxpalak.

Naqarot:

Oppoq qish-ey, oppoq qish,
Eh qorlari yumshoq qish.
Chana, konki o‘ynatgan
Quvnoq qish-ey, quvnoq qish.

# III SHEREK

# SAXNALI'Q MUZI'KA SHI'G'ARMALARI' — BALET HA'M AYAQ WOYI'N WO'NERI, MUZI'KALI' DRAMA HA'M KOMEDIYA, BALALAR USHI'N MUZI'KALI' YERTEK-SPEKTAKLLER

## *1-sabaq.* SAXNALI'Q MUZI'KA SHI'G'ARMALARI'

Saxnali'q muzi'ka shi'g'armalarg'a — Opera, Balet, Muzi'kali'q drama ha'm Komediya, Operetta, Balalar ushi'n jazi'lg'an yertek-spektakller kiredi. Watani'mi'zdi'n' ha'rbir perzenti joqari'da atap wo'tilgen janrlarda jazi'lg'an saylandi' shi'g'armalari'n biliwi, ti'n'lap, tamasha yetip, wolardi' bir-birinen aji'rata biliwi lazi'm. Bunday janrlarda jazi'lg'an shi'g'armalardi' saxnalasti'ri'w ushi'n pu'tkil du'nyadag'i' si'yaqli' bizin' Respublikami'zda da arnawli' teatr-tamasha wori'nlari' bar. Ma'selen, A.Nawayi' ati'ndag'i' u'lken Akademiyali'q opera ha'm balet teatri', Muqimiy ati'ndag'i' respublika ma'mleketlik muzi'kali' teatri', Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq







ma'mleketlik muzi'kali' teatri', Wa'layatlardag'i' ha'm qalalardag'i' Ma'mleketlik teatrlar, Wo'zbek ha'm rus jas tamashago'yler teatrlari', Respublikali'q ha'm wa'layatlardag'i' quwi'rshaq teatrlari'.

*Klass fonotekasi'nan opera, balet, muzi'kali'q drama ha'm komediya, balalar ushi'n muzi'kali' yertek-spektakllerden u'zindiler ti'n'lap, mi'sallar keltirin'.*

## G'A'REZSIZLIK BAYRAMI'

*K. Wo'tegenov* so'zi

*Q. Qa'llibekov* muzi'kasi"






A'diwli Watani'm, Ana jerimiz,
Ba'ha'r quyashi'nday ju'rek to'rimiz.
I'g'bal juldi'zlari' ku'ndey jarqi'rap,
Dosli'qqa talpi'ng'an biyg'a'rez yelmiz.

Ana jerim bayli'qlardi'n' ka'nisen',
Tawsi'lmas i'ri'sqi' wo'mir sa'nisen',
Bu'gin bayrami'n'i'z mu'ba'rek bolsi'n,
Ana jurti'm azamatlar yelisen'.

Sen a'jayi'p yelsen', ashi'lg'an gu'lsen',
Sen qutli' ma'kansan', a'diwli jersen'.

Senin' qushag'i'nda ka'malg'a keldim,
Ju'regimde tursan' men qayda ju'rsem.

Bu'gin miymanlarg'a qushag'i'n ashqan,
Kewli quwani'shtan ma'wjirep tasqan.
Bu'gin du'nya tani'r Ana jerimdi,
Xalqi'm keleshekke ni'q qa'dem basqan.

N a q i ' r a t i ' :

Bu'gin bizin' yelde bayram,
Shadlani'si'p gu'ldey jaynan'.
Bayrami'n'i'z qi'tli' bolsi'n,
Kelin' doslar kel qa'dirdan.
G'a'rezsizlik bayrami',
G'a'rezsizlik bayrami',
G'a'rezsizlik bayrami',
Qutli' bolsi'n.

## RITM (USI'L)

Ritm – bul belgili bir namadag'i' muzi'kali'q seslerdin' uzi'n-qi'sqa boli'p almasi'p turi'wi'na ayti'ladi'. Ha'rqanday nama yaki qosi'q ayti'li'w joli'ni'n' i'rg'ag'i'ni'n' wo'z ritmi bar. Ma'selen, ha'mmemiz biletug'i'n «Analardi' uran yetken xali'qpi'z» xali'q qosi'g'i'ni'n' ritmi to'mendegishe:



O'zbek xali'q namalari' ha'm woyi'nlari'ni'n', a'sirese, da'ptin' ritmleri ra'n'ba'ren' ha'm quramali'.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Saxnali'q muzi'kali'q shi'g'armalarg'a qanday tamashalar kiredi?

2. Respublikami'zdag'i' teatrlardi' atap bere alasi'z ba? Qaysi' teatrlarg'a barg'ansi'z yaki bari'p tamasha ko'riwdi qa'leysiz?
3. Ti'n'lag'an u'zindin'iz bir-birinen pari'q qi'la ma? Ayti'p berin'.
4. «G'a'rezsizlik bayrami'» qosi'g'i'ni'n' avtori' kimler? Dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.
5. Ritm haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'p berin'.

## BALET WO'NERI

B a l e t – muzi'ka ha'm ayaq woyi'n ha'reketleri arqali' obrazlar, waqi'yalar jarati'w wo'neri. Balet shi'g'armasi' dramali'q tema, ayaq woyi'n, is ha'reket, na'zik ha'reketler, muzi'ka, saxna bezewleri ha'm kiyim-kensheklerden ibarat.

Pu'tkil du'nyag'a belgili «Oqqush ko'li», «Yong'oqchaqar» («Shchelkunchik») ha'm «Uyqudagi go'zal» baletlerin XIX a'sirde jasag'an rus kompozitori' Pyotr Ilich Chaykovskiy do'retken. Bul baletlerdi bizin' xalqi'mi'z da jaqsi' biledi, su'yip tamasha yetedi.



XX a'sirde jarati'lg'an «Gayane», «Spartak» (Aram Xachaturyan), «Boqchasaroy fontani» (B. Asafyev), «Romeo va Juletta» (S. Prokofyev) baletlerin de ko'pshilik biledi.

*Klass fonotekasi'nan P.Chaykovskiydin' «Oqqush ko'li» baletinen u'zindiler ti'n'lan'.*

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Balet wo'neri haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Pyotr Chaykovskiy jaratqan ha'm ja'ne basqa ko'pshilik biletug'i'n baletlerdin' atlari'n bilesiz be?
3. «Oqqush ko'li»n ti'n'lag'ani'n'i'zda sizge unag'an i'rg'aqlari'n dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.

## *2-sabaq.* BALET JANRI'

Balet janri' O'zbekistanda da rawajlang'an. XX a'sirdin' 30-ji'llari'nan baslap «Paxta» (Roslavec), «Orzu» (I. Akbarov), «Sevgi tumori» (M. Ashrafiy), «Tanavor» (A. Kozlovskiy) si'yaqli' baletler jarati'ladi'. 80-ji'llarda wo'zbek kompozitori' Ulug'bek Musayev ta'repinen jarati'lg'an «Hind dostoni» ha'm «Tumaris», Avaz Mansurovti'n' 1 perdeli «Sharq afsonasi», Anvar Ergashevti'n' «Xumo», qaraqalpaq



kompozitori' Na'jimatdin Muxammeddinovti'n' «Ayjamal» baletleri yel awzi'na tu'sti. 90-ji'llarda bolsa Mustafa Bafoyevtin' «Ulug'bek burji» ha'm «Nodira» milliy ayaq woyi'n usi'li'ndag'i' baletlerin do'retti.

2015-ji'li' bolsa qaraqalpaq kompozitori' Qurbanbay Zaretdinovti'n' «Qi'rq qi'z» baleti saxna ju'zin ko'rdi.

*Klass videotekasi'nan N.Muxammeddinovti'n' «Ayjamal» yaki Q.Zaretdinovti'n' «Qi'rq qi'z» baletlerinen muzi'ka ti'n'lan'.*

## TAKT HA'M TAKT SI'ZI'G'I'

Ha'rqanday muzi'ka shertilip ati'rg'anda ku'shli ha'm ku'shsiz u'lesler almasi'p keledi. Bul a'sirese, marsh tempindegi muzi'kalarda ani'q bilinip turadi':

1, 2, 3,4, /1,2, 3, 4 ha'm basqa. ...

Sol 1-u'lesten keyingi 1-u'leske deyin bolg'an arali'q muzi'kada takt dep ataladi'. Taktlardi' bir-birinen aji'rati'p turi'w ushi'n 1-ku'shli u'lestin' aldi'na 5 nota si'zi'qlari'n birlestiriwshi tik si'zi'qsha tu'siriledi, bul takt si'zi'g'i' dep ataladi'. Ma'selen:




**Soraw ha'm tapsi'rmalar.**

1. Balet janri' haqqi'nda ne ayta alasi'z?
2. «Ayjamal» ha'm «Tumaris» baletinin' muzi'kasi' unadi' ma? Avtori' kim?
3. Takt ha'm takt si'zi'g'i' haqqi'nda ne ayta alasi'z?

## *3-sabaq.* WO'ZBEK AYAQ WOYI'N WO'NERI

Ha'rbir xali'qti'n' buri'nnan qa'liplesip kiyati'rg'an wo'z ayaq woyi'n wo'neri ha'm sol ayaq woyi'ndi' sa'wlelendirip turatug'i'n namalari' boladi'. Wo'zbek xali'q ayaq woyi'nlari' da ken' taralg'an boli'p, na'zik ha'reketler ha'm wolarg'a u'ylesken milliy kiyimler menen ko'rkem obrazlar jarati'ladi'.

«Dilxiroj», «Qari navo», «Zang», «Duchava» si'yaqli' ayaq woyi'n namalari' jan'lag'anda ko'z aldi'mi'zg'a woni'n' ayaq woyi'n ha'reketleri keledi. Keyingi da'wirde (XX a'sirdin' 2-yari'mi'nan baslap) Muxammedjan Mirzaev, Baxtiyar Aliyev, Mustafa Bafoyev ha'm basqa kompozitorlardi'n' jan'a nama i'rg'aqlari' tiykari'nda wo'zbek ayaq woyi'n wo'neri ja'ne de rawajlandi'. Bug'an Mukarrama Turg'unbaeva, Qundi'z Mirkarimova, Yulduz Ismatovalardi'n' saxnalasti'rg'an ayaq woyi'nlari' mi'sal bola aladi'.



*Klass fonotekasi'nan T. Yesirkepovti'n' «Ba'ha'r valsi» shi'g'armasi'n ha'm basqa ayaq woyi'n namalari'n ti'n'lan'.*

## SUMALAK

*To'xtamurod Bahromov* so'zi

*Shermat Yormatov* muzi'kasi'

A'ste



Tomchilar billur rangda,
Qarang, qarang, qarang-a,
Ko'z yoshin qilmas kanda,
Attang, attang, attang-a.

Qishni kuzatsa kerak
Sumalak,
Bahordan berib darak...
Chak-chak, chak-chak,
        chak-chak-chak.

## MUZI'KADA WO'LSHEMLER

Shertilip ati'rg'an yaki notag'a tu'sirilgen ha'rqanday muzi'kali'q shi'g'armani'n' wo'z wo'lshemi bar. Wo'lshemler notag'a qarap atqari'wdi' an'satlasti'radi'. Bul shi'g'armani'n' ti'n'lawshi'g'a unawi'nda jaqsi' ja'rdem beredi. Wo'lshemlerdin' ayti'li'wi' ha'm jazi'li'wi' to'mendegishe:

Yeki sherek —2/4
U'sh sherek —3/4
To'rt sherek —4/4
Alti'g'a segiz —6/8 ha'm basqa.

Muzi'kada wo'lshem birlikleri shi'g'armani'n' baslani'wi'nda, giltler ha'm alteraciya belgilerinen son' qoyi'ladi'. Bug'an iseniw ushi'n klasi'n'i'zdag'i' nota kitabi'n qarap ko'rin'.

?! ***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Wo'zbek ayaq woyi'n wo'neri haqqi'nda ne ayta alasi'z?
2. «Ba'ha'r valsi» woyi'ni'ni'n' muzi'kasi' unadi' ma? Avtori' kim?
3. «Sumalak» qosi'g'i'n ayti'p berin'.
4. «Muzi'kada wo'lshemler» degende neni tu'sinesiz?

## *4-sabaq.* MUZI'KALI' DRAMA

O'zbekistanda muzi'ka wo'nerinin' ba'rli'q janrlari' qatari'nda muzi'kali' drama ha'm komediya — saxnali'q muzi'kali' shi'g'armalar da ken' tarqalg'an. XX a'sirdin' 30-ji'llari'nan baslap Evropa operalari'na yeliklew si'pati'nda bul janrlar rawajlang'an.

M u z i ' k a l i ' d r a m a — saz a'sbabi' ha'm vokal muzi'ka tiykarg'i' wori'ndi' iyelegen dramali'q saxna shi'g'armasi'. Toxtasi'n Jalilovti'n' «Tohir va Zuxra», «Nurxon», Tolibjan Sadi'qov ha'm R.Glierlerdin' «Layli va Majnun», qaraqalpaq saxnasi'ndag'i' ko'ringen V.Shafrannikovti'n' «Alpami's», A.Xalimov, J.Shamuratovlardi'n' «G'a'rip ashi'q», keyinirek Yunis Rajabiy, Sayfi Jalil, Mustafa Bafoyev, Farhod Alimov si'yaqli' kompozitorlar do'retken shi'g'armalar muzi'kali' drama janri'ni'n' jarqi'n u'lgilerine aylang'an.

*Klass fonotekasi'nan A.Xalimov,J.Shamuratovlar jazg'an «G'a'rip ashi'q» muzi'kali' dramasi'nan u'zindi ti'n'lan'.*

### NOTA SOZI'MLI'QLARI'N TAKTLERGE BO'LIW

Notag'a tu'sirilgen namani'n' ani'q wo'lshemi bolsa, wol a'lbette taktlerge bo'linedi. Belgili bir namani'n' notalari'n taktlerge bo'liw ushi'n namani'n' ku'shli ha'm ku'shsiz u'leslerin seziw lazi'm. Bunday tapsi'rmalardi' arnawli' muzi'ka mekteplerinde woqi'p ati'rg'an balalar wori'nlaydi'. Lekin, a'piwayi' shereklik wo'lshemler menen jazi'lg'an namani' tu'rli wo'lshemlerge aji'rati'p, takt si'zi'qlari'n qoyi'p shi'qsa boladi'. Ma'selen:





?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Wo'zbek ha'm qaraqalpaq ayaq woyi'n wo'neri haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Ti'n'lag'an ayaq woyi'n namalari'na qanday ayaq woyi'nlar qoysa boladi'? Kiyimler qanday boli'wi' kerek?
3. Nota sozi'mli'g'i'n taktlerge bo'liw haqqi'nda pikir bildirin'.
4. «Sumalak» qosi'g'i'n wo'zin'izge sherik tan'lap ayti'p berin'.

## *5-sabaq.* TOXTASI'N JALILOVTI'N' «TOHIR VA ZUHRA» MUZI'KALI' DRAMASI' HA'M WONI'N' WO'ZBEK KO'RKEM WO'NERINDE TUTQAN WORNI' HA'M A'HMIYETI

Toxtasi'n Jalilov 1896—1966-ji'llarda jasap, do'retiwshilik yetken, xali'qti'n' muzi'kali'q miyrasi'n jetik bilgen talantli' wo'zbek kompozitori' yedi. Woni'n' «Tohir va Zuhra» muzi'kali' dramasi' ushi'n jazi'lg'an «To'ylar muborak» ha'm «Otmagay tong» qosi'qlari'



xali'q qosi'qlari'na aylani'p ketti. Do'retiwshi insan ushi'n bunnan arti'q baxi't joq.

«Tohir va Zuhra» muzi'kali' dramasi'ni'n' wo'zbek ko'rkem wo'nerinin' rawajlani'wi'ndag'i' tutqan worni' ha'm a'hmiyeti ju'da' u'lken. Bul miynet a'jayi'p shi'g'arma boli'p jarati'lg'anli'qtan Muqimiy teatri'ni'n' wo'zinde 2000 ma'rtege jaqi'n qoyi'lg'an ha'm bunnan keyin de a'wladlarg'a miyras boli'p qaladi'.

*Klass fonotekasi'nan «To'ylar muborak», «Otmagay tong» qosi'qlari'n ti'n'lan'.*

## SHAG'ALA

*Xali'q* so'zi | *Xali'q* muzi'kasi'




Notani'n' ritmine qosi'li'p qol shappatlap yoshli' atqari'ladi'.





f
sf
Shaq sha-g'a - la, sha-g'a la, Jap - ti'n' bo - yi'n ja - g'a - la, Hey, Hey,
Shaq sha-g'a - la, sha-g'a la, Jap - ti'n' bo - yi'n ja - g'a - la, Hey, Hey,
mf
p
I' - lay suw-da ba li'q bar, A - lal - may - san' sha - g'a - la, I' - lay suw-da
I' - lay suw-da ba li'q bar, A - lal - may - san' sha - g'a - la, I' - lay suw-da
I' - lay suw-da ba li'q bar, A - lal - may - san' sha - g'a - la, I' - lay suw-da
ba - li'q bar, A - lal - may - san' sha - g'a - la.
ba - li'q bar, A - lal - may - san' sha - g'a - la. A - lal - may - san'
ba - li'q bar, A - lal - may - san' sha - g'a - la. A - lal - may - san'
A - lal - may - san' sha - g'a - la. A - lal - may - san'
sha - g'a - la. A - lal - may - san'
sha - g'a - la. A - lal - may - san'


mf
I' - lay suw-da ba li'q bar, A - lal-may- san' sha- g'a - la, I' - lay suw-da
f
p
ba - li'q bar, A - lal - may - san' sha- g'a - la.
A - lal - may - san'
A - lal - may - san' sha- g'a - la.
sha- g'a - la. A - lal - may - san'
sha- g'a - la. A - lal - may san'


f
A - lal-may- san'_ sha - g'a - la. A - lal - may san'_ sha g'a - la,
sha - g'a - la. A - lal - may san'_ sha g'a - la,
A - lal-may- san'_ sha - g'a - la. A - lal - may san'_ sha g'a - la.
Shaq, shaq, shaq, sha-g'a - la. Shaq, shaq, shaq, sha-g'a - la. sha-g'a - la.
Shaq, shaq, shaq, sha-g'a - la. Shaq, shaq, shaq, sha-g'a - la. sha-g'a - la.
Shaq, shaq, shaq, Shaq, sha-g'a - la. Shaq, shaq, shaq, Shaq, sha-g'a - la. Shaq, sha-g'a - la.
Sha - g'a - la. Shaq sha - g'a - la, sha - g'a - la,
sha - g'a - la. sha - g'a - la, sha - g'a - la,
Shaq, sha - g'a - la. Shaq, sha - g'a - la, Shaq, sha - g'a - la,
mp
sf
sha - g'a - la. Shaq, sha - g'a - la, Hey,_ Hey.
sha - g'a - la. sha - g'a - la, Hey,_ Hey.
Shaq, sha - g'a - la. Shaq, sha - g'a - la, Hey,_ Hey.

# DIRIJYORLI'Q WO'NERI

𝄞 Dirijyor — muzi'kali'q shi'g'armani' atqari'wshi' xor yaki orkestr ja'ma'a'tine basshi'li'q yetip, jolg'a sali'wshi' ko'rkem wo'ner xi'zmetkeri. Wol wo'z qa'nigeligi boyi'nsha teren' bilimge iye boli'wi' sha'rt. Tayar shi'g'armag'a wo'lshemin ko'rsetip, qoli'n qi'ymi'ldati'p turi'wdan an'sat talap joq. Buni' biz tez u'yrenip ali'wi'mi'z mu'mkin. Lekin, barli'q qi'yi'nshi'li'q bir shi'g'armani' yaki koncert bag'darlamasi'n tayarlap, ti'n'lawshi'g'a jetkizemen degenshe arali'qta wo'tedi.

Watani'mi'z muzi'ka ma'deniyati'ni'n' rawajlani'wi'nda dirijyorli'q wo'nerinin' wo'sip bari'wi' u'lken a'hmiyetke iye.

A'ziz woqi'wshi'lar! Yeger muzi'kada ken' tarqalg'an 3 tiykarg'i' wo'lshemde dirijyorli'q yetiwdi u'yrenip ali'wdi' qa'lesen'iz, keyingi 3 sabaqti' di'qqat penen u'yrenin'.



?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar.**

1. Muzi'kali' drama haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
2. Ti'n'lag'an u'zindi sizlerge unadi' ma? «Otmagay tong» duetin dawi'sqa sali'p ayti'n' ayti'p berin'.
3. «Shag'ala» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kimler?
4. Dirijyor ha'm dirijyorli'q wo'neri haqqi'nda ne ayta alasi'z?

## *6-sabaq.* MUZI'KALI' KOMEDIYA

Muzi'kali' komediyani'n' muzi'kali' dramadan parqi' ju'da' az. Tek wolardi' dramali'q temasi'ni'n' bag'dari'na qaray aji'rati'w mu'mkin: Haqi'yqi'y waqi'ya mazmuni'nda tema muzi'kali' drama bolsa, yumorli'q mazmundag'i' tema muzi'kali' k o m e d i y a boladi'.

Sonli'qtan komediyalardi'n' muzi'kasi' da jen'il, yoshli' i'rg'aqta boladi'. Azerbayjan kompozitori' Uzeir Gadjibekovti'n' «Arshin mal-alan», Manas Leviyevtin' «Toshbolta oshiq» ha'm «Oltin ko'l», Ikrom Akbarovti'n' «O'jarlar», Alimjan Xalimovti'n' «Su'ymegenge su'ykenbe» si'yaqli' shi'g'armalari' bug'an mi'sal bola aladi'.

*Klass fonotekasi'nan «Toshbolta oshiq» yaki «Su'ymegenge su'ykenbe» komediyasi'nan u'zindi ti'n'lan'.*

### «YEKI SHEREK» (2/4) WO'LSHEMINDE DIRIJYORLI'Q

Bul wo'lshemde dirijyorli'q yetiw ushi'n qa'ddin'di du'zep tik turi'p, yeki qol jelkenin' ba'lentliginde alg'a qaray ko'teriledi, barmaqlar bos qoyi'ladi'. Dem ali'p, yeki qol bir tegis to'mende si'zi'p ko'rsetilgen bag'dar boyi'nsha ha'reketlene baslaydi':

Shep qol




Won' qol




«Bir» degende qollar to'menge tu'sip, qaptalg'a ketedi; «yeki» degende bolsa joqari'g'a ko'teriledi ha'm bul ha'reket bir qa'lipte muzi'ka tamamlang'ansha ta'kirarlana beredi.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. T.Jalilov ha'm woni'n' «Tohir va Zuhra» muzi'kali' dramasi' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Ti'n'lag'an qosi'qti' klaslaslari'n' menen birge ayti'p ko'rin'.
3. «Yeki sherek»te dirijyorli'q yetiw ushi'n nelerge itibar beriw kerek?
4. «Shag'ala» qosi'g'i'n wo'zin'izge sherik tan'lap dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.

## *7-sabaq.* UZEIR GADJIBEKOVTI'N' «ARSHIN MAL-ALAN» MUZI'KALI' KOMEDIYASI'NI'N' DU'NYA XALI'QLARI' KO'RKEM WO'NERINDEGI TUTQAN WORNI' HA'M A'HMIYETI

Uzeir Gadjibekov 1885—1948-ji'llarda jasap, do'retiwshilik yetken ulli' azerbayjan kompozitori'. Woni'n' ati' ko'p yellerge taralg'an, muzi'kalari' ha'mmege tani's boli'p qalg'an. Bug'an tiykarg'i' sebep, wo'z xalqi'ni'n' muzi'ka miyrasi'n jetik biliw menen birge, du'nya ma'deniyati'n da teren' u'yrengenliginde. Sonday bilimli insanlar g'ana ha'mmege unaytug'i'n shi'g'armalar do'retiwi mu'mkin. «Arshin mal-alan» muzi'kali' komediyasi' du'nya xali'qlari' ko'rkem wo'nerinin' du'rdanasi'na aylani'p ketiwi biykarg'a yemes, a'lbette. Bul shi'g'arma bizin' xalqi'mi'zdi'n' da su'yikli shi'g'armalari'nan biri, barli'q teatrlari'mi'zda saxnalasti'ri'lg'an. Ko'p g'ana kompozitorlari'mi'z ha'wes penen wonnan u'lgi alg'an.

*Klass fonotekasi'nan «Arshin mal-alan» muzi'kali' komediyasi'nan u'zindiler ti'n'lap, wonnan zawi'q ali'n'.*

### NAWRI'Z

*T. Muxiyatdinov* so'zi — *J. Shershemov* muzi'kasi'



## ...SH SHEREK» (3/4) WO'LSHEMINDE DIRIJYORLI'Q

...-qa'wmetin'izdi tik tuti'p, dirijyorli'q worni'n iyelep, yeki ...rine kerisinshe 3 bag'darda to'mende si'zi'p qoyi'lg'anday ...e kele baslaydi':

Shep qol




Won' qol




... degende qol to'menge tu'siriledi, «yeki» degende qaptalg'a ...u'sh» degende bolsa joqari'g'a ko'teriledi ha'm bul ha'reket ... tamamlang'ansha ta'kirarlana beredi.

**...raw ha'm tapsi'rmalar**

...Iuzi'kali' komediya janri' haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'p berin'.
...Toshbolta oshiq» ha'm «Su'ymegenge su'ykenbe»den ti'n'lag'an u'zindin'izde ...uzi'kani'n' worni' qanday?
...Nawri'z» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kim? Dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.
...U'sh sherek»te bir namani' dawi'sqa sali'p ayti'p', dirijyorli'q yetin'.

## *...sabaq.* WO'ZBEK KOMPOZITORLARI' — IKRAM AKBAROV, ...I JALIL, MUSTAFA BAFOYEV, FARHOD ALIMOV, ALIMJAN ...ALIMOV HA'M BASQALARDI'N' DO'RETIWSHILIGINDE ...UZI'KALI' DRAMA HA'M KOMEDIYALARDI'N' WORNI'

...zi'kali' drama ha'm komediya janri' O'zbekistanda qa'liplesip, ...i u'lgileri jarati'li'p boli'ng'annan son', keyingi a'wladlar ...nen ko'plegen jan'a shi'g'armalar payda boldi'. Bug'an mi'sal ...Ikram Akbarovti'n' «O'jarlar», «Qonli to'y», «Momo yer», ...Jalildin' «Navoiy Astrobodda» (Yu.Rajabiy menen birgelikte),

«Shayton va muridlar», «Laqma», «Kampir ketarmish», Mustafo Bafoyevtin' «Uzilgan torlar», «Prometey», «Zo'ldir», Farhod Alimovtin' «Yusuf va Zulayho», «Nodirabegim», «Fotima va Zuhra» va «Devona» V.Shafrannikovti'n' «Alpami's», A.Xalimov, J.Shamuratovlardi'n' «G'a'rip ashi'q», «Su'ymegenge su'ykenbe» shi'g'armalari'n atap wo'tiw mu'mkin. Sonday-aq, bul janrlarda M.Mahmudov, T.Qurbanov, N.Rahimov, A.Mansurov, A.Ergashev si'yaqli' kompozitorlar da xali'q na'zerine tu'setug'i'n shi'g'armalar do'retti.

*Klass videotekasi'nan A.Xalimov, J.Shamuratovlardi'n' «G'a'rip ashi'q», «Su'ymegenge su'ykenbe» muzi'kali'q dramalari'nan u'zindiler ti'n'lan'.*

## «TO'RT SHEREK» (4/4) WO'LSHEMINDE DIRIJYORLI'Q

«To'rt sherek» (4/4) wo'lsheminde qol 4 ta'repke ha'reketlenedi:

Shep qol




Won' qol




«bir» degende qollar to'menge tu'siriledi;
«yeki» degende qollar bir-birine qaray bag'darlanadi';
«u'sh» degende won' qol won'g'a, shep qol shepke bag'darlanadi';
«to'rt» degende bolsa qollar joqari'g'a ko'teriledi.

Dirijyorli'q ha'reketleri bir qa'lipte muzi'ka tamamlang'ansha dawam yetedi.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. U.Gadjibekov ha'm woni'n' «Arshin mal-alan» muzi'kali' komediyasi'ni'n' worni' ha'm a'hmiyeti haqqi'nda ayti'p berin'.
2. «Arshin mal-alan»nan ti'n'lag'an u'zindi sizge tani's pa? I'rg'aqlari' unadi' ma?
3. «To'rt sherek»te dirijyorli'q yetip,wo'zin'iz marsh namasi'n toqi'n'.
4. Klaslaslari'n'i'z qollari'n bir tegis shappatlap tursi'n, bir dosti'n'i'z 4/4 wo'lsheminde dirijyorli'q yetsin, siz bolsa «Nawri'z» qosi'g'i'n jag'i'mli' yetip ayti'n'.

## *9-sabaq.* RESPUBLIKA TEATRLARI'NDA BALALAR USHI'N JARATI'LG'AN MUZI'KALI' YERTEK-SPEKTAKLLER

O'zbekistan kompozitorlari' respublikami'zda bar bolg'an barli'q teatr ja'ma'a'tleri ha'm dramaturgler menen birgelikte ha'r ji'li' balalar ushi'n wonlag'an muzi'kali' yertek-spektakller jaratadi'.

Respublika teatrlari'nda balalar ushi'n qoyi'li'p ati'rg'an balalar yertek-spektakller atlari'n ha'm wolardi'n' avtorlari'n yeslep qali'n':

**Muqimiy ati'ndag'i' Respublikali'q ma'mleketlik muzi'kali' teatri'nda:**

*To'lqin Toshmatov* — «Ur, to'qmoq!», «Muzaffar — quyosh farzandi»;
*Nadim Norxo'jayev* — «Tuyaqush — boyaqish»;
*Avaz Mansurov* — «Kachal polvon va Garmsel», «Oloviddinning sehrli chirog'i»;
*Mustafo Bafoyev* — «Yettinchi jin».

**Respublikali'q quwi'rshaq teatri'nda:**

*Abdusaid Nabiyev* — «Fotimaning sarguzashtlari».
*Avaz Mansurov* — «Xo'ja Nasriddinning 41 pashshasi», «Ur, to'qmoq!»,

|  |  |
|---|---|
| | «Uchar kavush», |
| | «Sho‘x shaytonchalar». |
| *Anvar Ergashev* | — «Sehrli harflar oroli». |
| *Alisher Ikromov* | — «Oloviddin va sehrli chiroq», |
| | «Oltin kalitcha». |

**Respublikali'q jas tamashago'yler teatri'nda:**

|  |  |
|---|---|
| *Anvar Ergashev* | — «Balli, uloqcha!», |
| | «Sehrli kitob». |
| *Avaz Mansurov* | — «Qo‘ng‘iroqli yolg‘onchi». |
| *Nadim Norxo'jayev* | — «Jo‘jalarim». |

*Klass videotekasi'nan A. Nabiyevti'n' «Fotimaning sarguzashtlari» muzi'kali'q yertegin tamasha yetin' yaki fonotekasi'nan usi' shi'g'armani'n' nama-qosi'qlari'n ti'n'lan'.*



# KELESHEK

*Z. Isroilova* so'zi *K. Wo'tegenov* muzi'kasi'






Qi'yal ko'zi menen sag'an qarasam,
Appaq tan'day suli'w a'rmang'a toli'p.
Yerten'gi ku'nlerge sharlap turasan',
Arzi'w-u'mitlerdin' aq tawi' boli'p.

Sen biz ushi'n jetkizbestey kiyiksen',
Sen dep sog'ar bizin' ju'reklerimiz.
Sen jan'a a'wladlar miner biyiksen',
Al biz bu'gingi ku'n perzentlerimiz.

Men bolsam, sol u'yge wo'zim kirgendey,
Wo'zim toqi'g'anday qosi'qlari'n'di'.
Keleshek qoyni'nda gezip ju'rgendey,
Shad yetersen' ruwxi'mdi', jani'mdi'.

Sen biz ushi'n jetkizbestey kiyiksen',
Sen dep sog'ar bizin' ju'reklerimiz.
Sen jan'a a'wladlar miner biyiksen',
Al biz bu'gingi ku'n perzentlerimiz.

Muzi'ka sabag'i'nan yen' qi'zi'qli' test soraw-juwabi'ni'n' kestesin tayarlan'. Buni'n' ushi'n 1-,2- ha'm 3- shereklerde u'yrengen bilimlerin'izden paydalani'n'.

**III sherek boyi'nsha soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Respublikami'z teatrlari'nda balalar ushi'n jarati'lg'an yertek-spektakller haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Kompozitorlardi'n' ayti'p wo'tilgen shi'g'armalari'ni'n' atlari'n ayti'n'.
3. «Fotimaning sarguzashtlari» shi'g'armasi'ndag'i' qosi'qlardan dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.
4. Wo'zin'izge sherik tan'lap, «Keleshek» qosi'g'i'n ayti'p berin'.
5. Muzi'kali'q drama ha'm komediyalar do'retken qaysi' qaraqalpaq kompozitorlari'n bilesiz?
6. «Arshin mal-alan» komediyasi'ni'n' a'hmiyeti ha'm woni'n' avtori' haqqi'nda ayti'p berin'.
7. Tu'rli wo'lshemlerde dirijyorli'q yetip berin'.
8. Balet wo'neri haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'n'.
9. III sherekte u'yrengen qosi'qlari'n'i'zdi' birgelikte ayti'n'.
10. To'mendegi rebusti' ses atlari'n qosi'p woqi'n':




11. To'mendegi shi'ni'g'i'wda «x» belgisi asti'ndag'i' ses uzi'nli'g'i'n ani'qlan':



# OPERA WO'NERI HA'M WO'ZBEK MUZI'KASI'NDA OPERA JANRI'

## *1-sabaq.* OPERA WO'NERI

Opera — muzi'ka wo'nerinin' yen' iri janri' boli'p yesaplanadi'. Wol kompozitordi'n' talabi'na juwap beretug'i'n l i b r e t t o , yag'ni'y, qosi'q penen jazi'lg'an dramali'q pyesa tiykari'nda jarati'ladi'. Opera da teatr tamashasi', barli'q saxna bezewleri, kiyim-kenshekler, woyi'n ha'reketleri ha'm basqalar shi'g'armani'n' temasi'n, boli'p ati'rg'an waqi'yani' ashi'p beriwge xi'zmet yetedi. Operada waqi'yalar, ayti'latug'i'n so'zler, qosi'qlar, ha'mme-ha'mmesi muzi'kag'a tiykarlang'an boladi'.

Opera XVI a'sirdin' aqi'ri'nda Italiyada payda bolg'an. Wol mazmuni' ha'm muzi'ka tiline qarap, tiykari'nan 2 tu'rge, yaqni'y tragediyali'q operalar ha'm komediyali'q operalarg'a bo'linedi.

Italiyali' kompozitor Juzeppe Verdi, avstriyali' kompozitor Volfgang Amadey Mocart opera janri'ni'n' yen' jaqsi' u'lgilerin do'retkennen son' bul janr XIX a'sirde Rossiyada yen' joqari' shi'n'g'a ko'terildi. Buni' pu'tkil du'nya xali'qlari' ta'n aladi'. Kompozitor Mixail Glinka (1804—1857) «Ivan Susanin», «Ruslan va Lyudmila» operalari'n jarati'p, rus opera wo'nerine tiykar saldi'.

*Klass fonotekasi'nan M.Glinkani'n' «Ruslan va Lyudmila» operasi'nan uvertyura ha'm u'zindi ti'n'lan'.*

### APPAQ GU'LLER

*Z. Atamuratova* so'zi — *G'. Amaniyazov* muzi'kasi'






Appaq gu'ller,
Qi'zi'l gu'ller.
Bag'i'mi'zda
Jaynap ku'ler.

Appaq gu'ller,
Qi'zi'l gu'ller.
Jasi'ri'ni'p
Miywe su'yer.

Appaq gu'ller,
Qi'zi'l gu'ller.
Tan'g'a i'nti'q
Nurdi' su'yer.

Appaq gu'ller,
Qi'zi'l gu'ller.
Ko'rgenin'de
Su'ysindirer.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Opera wo'neri haqqi'nda woqi'g'anlari'n'i'zdi' ayti'p berin'.
2. «Ruslan va Lyudmila» operasi'ni'n' muzi'kasi' sizge unadi' ma? Ko'z aldi'n'i'zg'a neler keldi?
3. «Appaq gu'ller» qosi'g'i'n dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.

## *2-sabaq.* DU'NYA JU'ZILIK OPERA WO'NERINDE J.VERDI DO'RETIWSHILIGININ' TUTQAN WORNI' HA'M A'HMIYETI

Juzeppa Verdi 1813—1901-ji'llarda jasap wo'tken ulli' italyan kompozitori'. Woni'n' «Aida», «Rigoletto», «Traviata», «Otello» si'yaqli' operalari' bul janrda jaratqan 26 operasi'ni'n' ishinde yen' du'rdanalari' yesaplanadi'. Verdidin' operalari' saxnada qoyi'li'p, birinshi woynalg'an ku'n Italiyada bayramg'a aylani'p keter yedi. Xali'q avtordi' qutli'qlap, jan'a g'ana ti'n'lag'an operalari'nan qosi'qlar yadlap ali'p, ko'shelerde dawi's qosi'p ayti'si'p, u'ylerine qaytqan.

A'lbette, bunday tabi'slardi'n' sebebi, J.Verdi wo'z xalqi'ni'n' qosi'qlari'n, namalari'n jaqsi' biliwi ha'm sezimtal talant iyesi si'pati'nda ti'n'lawshi'lardi'n' kewlindegini an'lay biliwinde yedi.

J.Verdiden son' pu'tkil du'nya xali'qlari'nan shi'qqan kompozitorlar woni'n' da'rejesindegi operalar do'retiwge qi'zi'g'adi', a'rman yetedi... Demek, du'nyani'n' opera wo'nerinde J.Verdi do'retiwshiliginin' wo'z worni' ha'm a'hmiyeti u'lken.

*Klass fonotekasi'nan J.Verdidin' «Aida» ha'm «Rigoletto» operalari'nan u'zindiler ti'n'lan'.*

A'ziz woqi'wshi'lar! I, II, III shereklerde muzi'ka sawati' boyi'nsha biraz bilimge iye boldi'n'i'z. Yendi notag'a qarap, dirijyorli'q yetip ayti'p ketiwge u'yreniwin'iz kerek. Bunday qa'biletke iye boli'wdi' muzi'kada «solfedjio» islew dep ayti'ladi'.

### «DO-MINOR» TONLI'G'I'NDA DAWI'SI'N'I'ZDI' SAZLAN'!

N. Muhammedinovti'n' «A'jiniyaz» operasi'nan «Aybo'riktin ariya»si'n 4/4 wo'lsheminde dirijyorli'q yetip, notalari'n ayti'n', son' so'zleri menen ayti'n':



## «RE-MINOR» TONLI'G'I'NDA DAWI'SI'N'I'ZDI' SAZLAN'!

Avaz Mansurovti'n' «Hayvonlar sultoni» operasi'nan to'mendegi «Sher Sulton xirgoyisi»n 4/4 wo'lsheminde dirijyorli'q yetip, notalari'n ayti'n', son' so'zleri menen ayti'n':

**Awi'r, saldamli'**




### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Du'nya opera wo'nerinde J.Verdi do'retiwshiliginin' tutqan worni' ha'm a'hmiyeti haqqi'nda woqi'g'anlari'n'i'zdi' ayti'p berin'.
2. «Aida» ha'm «Rigoletto» operalari'nan ti'n'lag'an u'zindin'iz sizge unadi' ma?
3. «Solfedjio» islew degende neni tu'sinesiz?
4. N.Muhammeddinovti'n' «A'jiniyaz» operasi'ni'n' bas qaharmanlari' kimler?
5. «Sher Sulton xirgoyisi»n aytqani'n'i'zda ko'z aldi'n'i'zg'a qanday obraz keldi?

## *3-sabaq.* V.MOCART, J.BIZE, P.CHAYKOVSKIY, N.RIMSKIY-KORSAKOV SI'YAQLI' DU'NYA TA'N ALG'AN KOMPOZITORLARDI'N' OPERALARI'

Opera wo'neri payda bolg'annan baslap qanshadan-qansha kompozitorlar du'nyag'a kelip, usi' janrda qa'lem terbetken. Tu'rli tillerde ko'plegen operalar saxnalasti'ri'lg'an. Wolardan birazlari' tek bir ma'rte, basqalari' birneshe ma'rte qoyi'lg'an. Lekin, kemnen-kem avtorlardi'n' operalari' J.Verdi operalari' qusap a'sirden-a'sirlerge wo'tip kelgen...

A'sirlerden a'sirlerge wo'tip kiyati'rg'an opera du'rdanalari'ni'n' avtorlari' bu'gingi ku'nde de du'nyag'a belgili. Ba'lkim, wolardi'n' atlari' sizlerge de tani's shi'g'ar: Volfgang Amadey Mocart, Jorj Bize, Pyotr Chaykovskiy, Nilokay Rimskiy-Korsakov. Yeger atlari' biytani's

bolsa wolardi'n' muzi'kalari'n qulag'i'n'i'z u'yrengenshe ti'n'lap ko'rsen'iz bug'an isenesiz, a'lbette. Ha'zirshe atlari'n yeslep qali'n':

V. Mocart — «Волшебная флейта» («Sehrli nay»);
Jorj Bize — «Karmen»;
Pyotr Chaykovskiy — «Пиковая дама» («Toppon xonim»), «Yevgeniy Onegin»;
N. Rimskiy-Korsakov —«Снегурочка» («Qorqiz»), «Sadko», «Shoh Sulton haqida ertak», «Oltin xo'rozcha»

*Klass fonotekasi'nan V.Mocartti'n' «Sehrli nay» operasi'nan «Qayerdan taralmoqda bu totli navo» qosi'g'i'n, J.Bizenin' «Karmen» operasi'ni'n' kirisiwinen ti'n'lan'.*

## OYMOMAJON ROM BO'LDI

*Quddus Muhammadiy* so'zi *Shermat Yormatov* muzi'kasi'

**Solist**






Oymomajon rom bo'ldi,
Osmon gumbaz tom bo'ldi.
Osmon gumbaz tomiga
Lochin bo'lib qo'namiz.
Yorug' yulduz yuziga
Muhrimizni qo'yamiz.

N a q a r o t :

O'zbekiston bayrog'in
Oy ustiga tikamiz.
Osmonning qo'rig'iga
Oltin chigit ekamiz.

Oymomajon rom bo'ldi,
Osmon gumbaz tom bo'ldi.
Endi yulduz, oy bilan
Qilamiz bordi-keldi.
Ertakdagi orzumiz
Bizning elda hal bo'ldi.

N a q a r o t :

O'zbekiston bayrog'in
Oy ustiga tikamiz.
Osmonning qo'rig'iga
Oltin chigit ekamiz.

## «MI-MINOR» TONLI'G'I'NDA DAWI'SI'N'I'ZDI' SAZLAN'!

«Hayvonlar sultoni» operasi'nan to'mendegi «Bo'ri xirgoyisi»n 4/4 wo'lsheminde dirijyorli'q yetip, notalari'n ayti'n', son' so'zleri menen ayti'n':

**Asi'g'i'sli'**




?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1 Du'nya ta'n alg'an kompozitorlar ha'm wolardi'n' operalari' haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'p berin'.
2. «Sehrli nay» ha'm «Karmen» operalari'nan ti'n'lag'an u'zindilerin'iz sizge unadi' ma? Namasi'n dawi'sqa sali'p ayti'p ko'rin'.
3. «Oymomajon rom bo'ldi» qosi'g'i'ni'n' avtori' kim? U'yrengen bolsan'i'z ayti'p berin'.
4. Wo'zin'iz test soraw-juwap du'zin' ha'm jazba yaki awi'zeki soraw wo'tkerin'. Yen' ko'p juwap tapqan klaslasi'n'i'zdi' qol shappatlap qutli'qlan'.

## *4-sabaq*. MILLIY MUZI'KADA OPERA JANRI'

Wo'zbek muzi'ka tariyxi'nda birinshi opera 1939-ji'li' jarati'lg'an, dep ko'plegen kitaplarda jazi'lg'an. Bug'an sol waqi'tlari' jas kompozitor bolg'an Muxtor Ashrafiydin' ustazi' S.N.Vasilenko menen birgelikte jazg'an «Bo'ron» operasi' mi'sal bola aladi'. O'zbekistanda opera janri'ni'n' qa'liplesiwinde da'slepki basqi'sh bolg'an «Bo'ron»nan keyin birneshe wo'zbekshe operalar du'nyag'a keldi. Bular — V.Glier ha'm T.Sadiqovti'n' «Layli va Majnun», Muxtor Ashrafiydi'n' «Dilorom», «Shoir xotirasi», Rashid Hamrayevti'n' «Zulmatdan ziyo», Sobir Boboyevti'n' «Hamza», «Fidoyilar», Hamid Rahimovti'n' «Zafar», Ibrohim Hamrayevti'n' «Oyjamol», Ikrom Akbarovti'n' «So'g'd elining qoploni», Mutal Burhonovti'n «Alisher Navoiy», Sayfi Jalildi'n' «Zebunniso», M. Bafoyevti'n' «Umar Xayyom», «Al-Farg'oniy»,

sonday-aq, Ulug'bek Musayev, Nurilla Zokirov, Rustam Abdullayev, Habibullo Rahimov, Avaz Mansurov si'yaqli' bir qatar wo'zbek kompozitorlari'ni'n' operalari' boli'p yesaplanadi'.

Sulayman Yudakov jazg'an opera — «Maysaraning ishi» birinshi wo'zbek komediyali'q operasi' boli'p, woni'n' pu'tkil du'nyag'a tani'lg'anli'g'i'n ayri'qsha atap wo'tiw lazi'm.

Qaraqalpaqstanda opera janri'na wo'tken a'sirdin' sekseninshi ji'llari'ni'n' ayag'i'nda (1987) kompozitor Najimatdin Muxammeddinov «A'jiniyaz» operasi' menen tiykar saldi'. Aradan 25 ji'l wo'tip kompozitor Qurbanbay Zaretdinov «Tumaris» atli' yekinshi operani' do'retti.

Balalar ushi'n jazi'lg'an ha'm qoyi'lg'an wo'zbek operalari' ko'p yemes. Bular Sobir Boboyevti'n' «Yoriltosh», Sayfi Jalildi'n' «Malikai ayyor» ha'm Avaz Mansurovti'n' «Hayvonlar sultoni» operalari' boli'p yesaplanadi'.

*Klass fonotekasi'nan qaraqalpaq operalari'nan ariya ti'n'lan'.*

**«RE-MINOR» TONLI'G'I'NDA DAWI'SI'N'I'ZDI' SAZLAN'!**

«Hayvonlar sultoni» operasi'nan to'mendegi «Tulki xirgoyisi»n 4/4 wo'lshemde dirijyorli'q yetip, notalari'n ayti'n', son' so'zleri menen ayti'n':

**A'ste-aqi'ri'n**



?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. O'zbek muzi'kasi' tariyxi'nda birinshi opera qashan ha'm kim ta'repinen jarati'lg'an? Qaraqalpaq operasi'-she?
2. Keyin ala jazi'lg'an operalar ha'm wolardi'n' avtorlari'n birme-bir atap wo'tin'.
3. Qaraqalpaq operalari'nan ti'n'lag'an ariyalari'n'i'z haqqi'nda pikirlesin'.
4. «Tulki xirgoyisi»n salfedjio yetip aytqani'n'i'zda ko'z aldi'n'i'zg'a qanday obraz keldi?

## *5-sabaq*. MUXTAR ASHRAFIYDIN' WO'ZBEK MUZI'KASI'N RAWAJLANDI'RI'WDAG'I' TUTQAN WORNI'

Muxtar Ashrafiy 1912—1975-ji'llarda jasap, do'retiwshilik yetken, wo'zbek professional kompozitorli'g'i'n qa'liplestiriwde birinshilerden bolg'an muzi'ka wo'nerinin' u'lken g'ayratkeri. Woni' xalqi'mi'z — kompozitor, dirijyor, ustaz, talantli' basshi' si'pati'nda jaqsi' tani'g'an, miynetine i'layi'q ardaqlag'an. Qayti's bolg'annan keyin woni'n' ati'na konservatoriya, bilim jurti', mektepler, ko'sheler qoyi'li'wi' a'lbette, biykarg'a yemes.

Muxtar Ashrafiy kompozitor si'pati'nda barli'q janrlarda do'retiwshilik miynet yetken. Woni'n' qa'lemine tiyisli 4 opera, 3 balet, 2 simfoniya ha'm basqa ko'plegen kamer-saz, kamer-vokal ha'm wonlag'an qosi'qlardi' sanap wo'tiw mu'mkin. Al, Ashrafiydin' Tashkentte jasag'an u'yi bu'gingi ku'nde «U'y-muzeyi»ne aylandi'ri'lg'an. Muzi'ka i'qlasbentleri bul «U'y muzey» menen jaqi'nnan tani'si'w ushi'n ha'mme wa'layatlardan kelip turadi'.

*Klass fonotekasi'nan «Dilorom» operasi'nan ariya ha'm duetler ti'n'lan'.*

## SULAYMON YUDAKOVTI'N' «MAYSARANING ISHI» OPERASI', WONI'N' DO'RETILIW TARIYXI', WORNI' HA'M A'HMIYETI

Askiya (basqi'laspa) wo'nerinin' woshag'i' bolg'an Qoqan qalasi'nda tuwi'li'p, wo'sken Sulayman Yudakov (1916—1990-j) ta'biyati'nan ha'zilkesh insan bolg'an. Izleniwshen' talant iyesi si'pati'nda wo'zbeklerge yumorli'q opera ha'm yumorli'q balet maqul boli'wi'n ko'p ji'llar baqlap ju'rgen ha'm baqlawlari' bosqa ketpegen. Opera janri'nda «Maysaraning ishi»n do'retip, balet janri'nda «Nasrid-

dinning sarguzashtlari»n jazi'p qaldi'ri'p, u'lken miynet yetken. Bul balettin' premyerasi', yag'ni'y, birinshi atqari'wshi' kompozitor qayti's bolg'an son', 1997-ji'li' ja'miyetshilikke usi'ni'ldi'. Avtorg'a wo'z shi'g'armasi'n saxnada ko'riw nesip yetpedi.

«Maysaraning ishi» operasi'nda yeski zamanlardan qazi', bay ha'm ka'mbag'allar arasi'nda boli'p wo'tken bir waqi'ya su'wretlengen. Opera janri'ni'n' talabi'na toli'q juwap beretug'i'n bunday shi'g'armani' ha'zirgi ku'nde de xalqi'mi'z su'yip tamashayetedi. Wo'zbek muzi'ka wo'nerinin' rawajlani'wi'nda bul shi'g'armani'n' worni' ha'm a'hmiyeti u'lken.

«Maysaraning ishi» operasi'n ti'n'lap ko'rsen'iz, tap xali'q namaqosi'qlari'nday jag'i'mli' yesitiledi.

*Klass fonotekasi'nan «Maysaraning ishi» operasi'nan u'zindiler ti'n'lan'.*

**QARLI'G'ASH**

*M. Seytnazarov* so'zi *A. Qayratdinov* muzi'kasi'



Jay aldi'nda si'mlarg'a,
Kelip tag'i' qonasan'.
Bu'lkildep qi'zi'l tamag'i'n',
Suli'w nama salasan'.

Naqi'rati':

Qag'i'p, qag'i'p qanatti',
Din' hawag'a ushasan'.
Yemin-yerkin sayranlap,
Ko'kti sharlap qushasan'.

?! **Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. M.Ashrafiydin' wo'zbek muzi'kasi'n rawajlandi'ri'wdag'i' worni' haqqi'nda woqi'g'anlari'n'i'zdi' ayti'p berin'.
2. Ti'n'lag'an ariya ha'm duetlerin'izdin' so'zlerin tu'sindin'iz be? Ne haqqi'nda ayti'lg'an?
3. Wo'zin'izge sherik tan'lap, «Qarli'g'ash» qosi'g'i'n ayti'n', klaslaslari'n' qol shappatlap tursi'n.
4. Sulayman Yudakovti'n' do'retiwshiligi ha'm woni'n' «Maysaraning ishi» operasi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
5. «Maysaraning ishi» operasi'nan ti'n'lag'an u'zindin'iz haqqi'nda pikirin'iz?
6. Wo'zin'iz test soraw-juwap du'zin' ha'm jazba yaki awi'zeki soraw-juwap wo'tkerin'. Yen' ko'p tuwri' juwaplar tapqan klaslasi'n'i'zdi' qol shappatlap, alg'i'slan'.

## *6-sabaq.* BALALAR USHI'N OPERALAR

Wo'zbek tilinde balalar ushi'n jazi'lg'an operalar haqqi'nda biz usi' sherektin' to'rtinshi sabag'i'nda woqi'g'anbi'z ha'm tek u'sh operani'n' «Yoriltosh», «Malikai ayyor», «Hayvonlar sultoni» operalari' saxna ju'zin ko'rgenligin bilip alg'anbi'z. Ha'rbirimizde «Ne ushi'n balalarg'a arnalg'an operalar az do'retilgen yeken?» — degen soraw tuwi'ladi', a'lbette. Operalar jazg'an kompozitorlarg'a usi' soraw berilse, ha'mmesi birdey to'mendegishe juwap beredi: «Balalar operasi'n u'lkenler ushi'n jazg'anday yetip, ilaji' bolsa ja'ne de jaqsi'raq, ja'ne de qi'zi'qli' ha'm waqi'yalarg'a bay tamasha yetip

jazi'w kerek, bul bolsa a'dewir qi'yi'n jumi's...» deydi. Haqi'yqati'nda da sonday.

Ji'llar wo'tip, bu'gingi balalar arasi'nan za'berdes kompozitorlar shi'g'i'p, jas a'wlad ushi'n wonlap, ju'zlep operalar jaratatug'i'ni'na isenemiz. Ha'zirshe, opera yaki balet tamashalap teatrg'a barg'ani'mi'zda nelerdi biliw kerekligin u'yrenip ali'wi'mi'z tiyis.

Yen' birinshi, bunday wori'nlarg'a baslanbastan 15—20 minut buri'n bari'w da'rkar. Sebebi, teatr yesiginen kirip kelgenin'izde qoli'n'i'zg'a bolajaq opera yaki balettin' qi'sqasha mazmuni' jazi'lg'an bag'darlamasi'n beredi. Bul bag'darlamada shi'g'arma avtori', saxnalasti'ri'wshi'lar ha'm qatnasi'wshi'lar haqqi'nda mag'luwmatlar boladi'. Tamasha baslang'ansha siz bag'darlamani' woqi'p shi'qsan'i'z, bolatug'i'n waqi'yalardi' aldi'nnan bilip ali'p, tiykari'nan muzi'ka ti'n'lap zawi'q alasi'z, sharshag'ani'n'i'z shi'g'adi'.

Usi'nday mi'sal iretinde A.Mansurovti'n' B.Isroil ha'm F.Safarovlar librettosi'na jazi'lg'an «Hayvonlar sultoni» operasi'ni'n' qi'sqasha mazmuni'n woqi'p shi'g'i'n'.

## PROLOG

*Tog'ay. Barli'q haywanlar toplani'si'p turatug'i'n jer. Shadli' keyipte dawi'sqa sali'p ayti'p barati'rg'an qoyanlardan son' Yertekshi baba payda boladi', wol tog'ay ta'biyati'n bayanlaydi'. Usi' tog'ayda jasaytug'i'n janzatlardi' birim-birim tani'sti'radi'. Wolar — Sultan Ari'slan, Qasqi'r, Qoyan, Ayi'w, Tu'lki — wo'zleri haqqi'nda qosi'qlar aytadi'. Yertekshi baba tan' ati'p, ku'n bati'p, bunda ha'r ku'ni wo'mir qaynap ati'rg'ani'n, hesh ko'zi toymas — ashko'zler tek wolja tabi'w joli'nda ju'retug'i'nli'g'i'n aytadi' ha'm bir ku'n boli'p wo'tken waqi'yani' tamasha yetiwdi usi'ni's yetedi...*

## WAQI'YA

*Yeki ash qasqi'r ayqasi'. Tu'lki payda boli'p, qasqi'rlar talasi'p ati'rg'an wo'limtik kiyikti ali'p qashpaqshi' boladi'. Qasqi'rlar sezip qoyi'p, tu'lkini quwi'p jiberedi ha'm talasi'wdi' dawam yetedi. Tu'lki wo'sh ali'w ushi'n haywanlar sultani'— Ari'slandi' baslap keledi. Sultan*



*Ari'slan yeki qasqi'rdi'n' ari'zlari'n ti'n'lap, biylik yetedi. Talasqanlar tarqali'si'p, Sultan Ari'slan pana jerde dem ali'wg'a jatadi'.*

*Sekirisip woynap qoyanlar kirip keledi. Hayyar tu'lki ja'ne payda boladi'. Qoyanlardi'n' birewi «Men bati'rman! Boksyorman! Ha'tteki, Sultan Ari'slandi' da nakautqa tu'siremen!», dep maqtanadi'. Tu'lki pursattan paydalani'p, maqtani'p ati'rg'an qoyandi' Sultan Ari'slang'a dus keltiredi. Qoyanni'n' bati'rli'g'i' pushqa shi'g'adi'. Sultan Ari'slan wo'zinin' ku'shliliginen, sawlatli'li'g'i'nan mardi'yi'p qoyadi'.*

*Ku'tilmegende tog'ayda topalan' baslanadi'. Ha'mme haywanlar wo'zlerinshe boli'p ketken, ha'tte Sultan Ari'slandi' da pisent qi'lmaydi'. Hu'kimdar hayran...*

*Haywanlar tarqasqan son' Ari'slan tasag'a bekinedi. Qosi'q ayti'p Adam kirip keledi. Sultan Ari'slanni'n' u'stine aw taslaydi'. Haywanlardi'n' ja'rdemi menen de Ari'slan tordan quti'la almaydi'. Wol jen'ilgenin moyni'na ali'p, «Ne sha'rtin' bar?» dep soraydi'. Adam — dosli'q, ti'ni'shli'q ha'm baxtiyar turmi'sti' usi'ni's yetedi. Ha'mmesi dosli'qti' uli'g'lap, qosi'q aytadi', woyi'ng'a tu'sedi.*

*«Dosli'q bar bolsi'n!*
*Ti'ni'shli'q bar bolsi'n!»*

A'ziz woqi'wshi'lar!
Yendi bul shi'g'armani' ti'n'lap, tamasha yetse boladi'.

*Klass videotekasi'nan A.Mansurovti'n' «Hayvonlar sultoni» operasi'n ti'n'lap, tamasha yetin'.*

## ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Balalar ushi'n operalar haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Opera yaki balet tamashalari'n ko'riw ushi'n teatrg'a barg'anda nelerdi biliw kerek?
3. «Hayvonlar sultoni» operasi'ni'n' qi'sqasha mazmuni'n woqi'p, bolatug'i'n waqi'yani' bilip aldi'n'i'z ba? «... muzi'kasi'n ti'n'lap zawi'q alasi'z, sharshag'ani'n'i'z shi'g'adi'» degenge yendi isendin'iz be?
4. Ti'n'lap, tamasha yetilgen «Hayvonlar sultoni» operasi' sizge unadi' ma? Yesin'izde qalg'an namalari'n dawi'sqa sali'p ayti'p berin'.

## ZAMANAGO'Y KOMPOZITORLI'Q DO'RETIWSHILIKTIN' MA'DENIY RAWAJLANI'WI'MI'ZDAG'I' A'HMIYETI

Zamanago'y kompozitorli'q do'retiwshilik degende, biz pu'tkil du'nya xali'qlari'ni'n' muzi'kasi' rawajlani'wi'ni'n' na'tiyjesinde qa'liplesken tu'rli janrlarda shi'g'armalar jarati'li'wi'n tu'siniwimiz kerek. Opera, balet, oratoriya, kantata, simfoniyalar, barli'q saxnali'q muzi'kali'q shi'g'armalar, xor shi'g'armalari', kamer-sazlari' shi'g'armalari'na kiretug'i'n —kvartet, sonata ha'm namalar, vokal shi'g'armalari' bolg'an — romans, qosi'q si'yaqli' janrlarda shi'g'armalar jarata alatug'i'n talant iyelerin zamanago'y kompozitorlar dep biliwimizge boladi'.

5-klass «Muzi'ka sabaqli'g'i'»n woqi'p shi'g'i'w bari'si'nda siz tu'rli ko'rkem ja'ma'a'tler ushi'n shi'g'armalar jazg'an ha'm jazi'p ati'rg'an zamanago'y kompozitorlardi'n' shi'g'armalari' menen jaqi'nnan tani'sti'n'i'z. Barli'q janrlarda jazi'lg'an shi'g'armalardan u'zindiler ti'n'ladi'n'i'z, wolardi'n' namalari' qulag'i'n'i'zda qaldi'. U'yrengen bilimlerin'iz a'lbette sizge ko'mek beredi, balali'g'i'n'i'zda ti'n'lag'an namalar wo'mir boyi' sizge joldas boladi'. Ji'llar wo'tip, adamlar arasi'nda wo'zin'izdi ma'deniyatli', muzi'ka tarawi'nda duri's pikir ju'rite alatug'i'n insan boli'p jetiliskenin'izdi sezesiz. Zamanago'y kompozitorli'q shi'g'armalardi'n' ruwxi'y ha'm ma'deniy rawajlani'wi'mi'zdag'i' worni' ha'm a'hmiyeti ulli' yekenligine isenesiz.

# ZAVQING SOCH, QALDIRG'OCH

*Po'lat Mo'min* so'zi

*Nadim Norxo'jayev* musi'kasi'

**Shoq, kewilli**




## IV sherek boyi'nsha soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Zamanago'y kompozitorli'q shi'g'armalardi'n' ruwxi'y ha'm ma'deniy rawajlani'wi'mi'zdag'i' worni' ha'm a'hmiyeti haqqi'nda woqi'g'anlari'n'i'zdi' ayti'p berin'.
2. Xali'q sazlari' orkestri ushi'n jazi'lg'an ha'm wo'zin'iz bilip alg'an shi'g'armalardi'n' atlari'n avtorlari' menen birge ayti'n'.
3. Xor shi'g'armalari'n jazg'an kompozitorlardi' bilesiz be?
4. Simfoniyali'q orkestr ha'm muzi'kada vokal-simfoniyali'q janrlar barli'g'i' haqqi'nda pikir bildirin'.

5. Saxnali'q muzi'ka janrlari'na qaysi' shi'g'armalar kiredi?
6. Opera wo'neri ha'm wo'zbek muzi'kasi'nda opera janri' haqqi'nda qi'sqasha yetip wo'z pikirin'izdi ayta alasi'z ba?
7. 5-klass muzi'ka sabaqli'qlari'nda u'yrengen qosi'qlari'n'i'zdi' sanap, qaysi' kompozitor ha'm shayi'rdi'n' qa'lemine tiyisli yekenligin ayti'p berin'.
8. «Qarli'g'ash» qosi'g'i'n u'yrenip alg'an bolsan'i'z, qol shappatlap turi'n'. Birlikte yoshi'p ayti'n'. Sol qosi'qti' mektebin'izdegi barli'q 5-klass woqi'wshi'lari' menen ayti'wg'a kelisip ali'n'.

## BALALARDI'N' TILEGI

*G. Nurlepesova* so'zi *U. Abdullaeva* muzi'kasi'




Ana wo'mir tiregi,
Bala nurli' keleshek.
Ha'r anani'n' ju'regi
Sog'i'p turar bala dep.

Naqi'rati':

Mi'n'san alg'i's aytami'z,
Ha'r birine birimlep.
Baxti'mi'zg'a anami'z,
Ma'n'gi turg'ay ku'limlep.

Aq su't berip wo'sirip,
Bari'n bergen balag'a.
Qi'yqan'li'g'i'n keshirip,
Ken'lik yetken anag'a.

Naqi'rati':

Mi'n'san alg'i's aytami'z,
Ha'r birine birimlep.
Baxti'mi'zg'a anami'z,
Ma'n'gi turg'ay ku'limlep.

## QARAQALPAQSTAN

*G. Nurlepesova* so'zi — *U. Abdullaeva* muzi'kasi'



Keleshegi ulli' Watan,
Kindik qani'm tamg'an ma'ka'n,
Menin' ushi'n joqdur bahan',
A'ziz Qaraqalpaqstan.

Sho'lde kiyik marali'n' bar,
Arqa jaqta arali'n' bar,
Paxta, sali', sazani'n' bar,
A'ziz Qaraqalpaqstan.

N a q i ' r a t i '

Go'zzal bostani'm,
Tilde da'stani'm.
Tuwi'lg'an jerim,
A'ziz Qaraqalpaqstani'm.

Ne aytsam sol bolar ba'rjay,
Balali'g'i'm alti'n tan'day,
Su'yemen men seni janday,
A'ziz Qaraqalpaqstan.

Baxti'mi'zg'a ti'ni'sh zaman.
Ilgerileymiz alg'a taman,
Ma'n'gilikke bolg'i'l aman,
Anam Qaraqalpaqstan!

N a q i ' r a t i '

Go'zzal bostani'm,
Tilde da'stani'm.
Tuwi'lg'an jerim,
A'ziz Qaraqalpaqstani'm.

## QUVNOQ YOMG'IR

*Anvar Obidjon* so'zi

*Avaz Mansurov* muzi'kasi'






N a q a r o t:

Chak-chuk, chaka-chuk, kuylaydi yomg'ir,
Tak-tuk, taka-tuk, o'ynaydi yomg'ir.
Yomg'ir yog'aloq, echki dumaloq,
Yo'rgakni ho'l qildi chaqaloq.

Yomg'ir quvnoq sozandadir,
Changdek chalar yaproqlarini.
Qamishlardan g'ijjak yasab,
Dutor qilgay boshoqlarni.

N a q a r o t:

Tomingizni chirmandadek
Chertar gohi «tak-tak» qilib.
Sho'x tomchilar o'yin tushgay,
Ko'lmaklarda «chak-chak» qilib.

N a q a r o t:

Uni oddiy yomg'ir demang,
Xonanda-yu sozandadir.
San'atkorni sevar hamma,
Shu bois ham arzandadir.

N a q a r o t.

## MAZMUNI'

Alg'i' so'z ........................................................................................ 3

## I SHEREK

## XALI'Q SAZLARI' ORKESTRI. XOR WO'NERI

*1-sabaq.* Orkestrdin' tu'rleri haqqi'nda. Xali'q sazlari' orkestri ha'm woni'n' u'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari' ................ 4
*2-sabaq.* Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-uri'p ha'm ilip shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari' ........................................................ 11
*3-sabaq.* Xali'q sazlari' orkestrinin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari' topari' ........................................................ 13
*4-sabaq.* Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-tartqi'shli' saz a'sbaplar topari' ........................................................ 17
*5-sabaq.* Xor wo'neri ........................................................ 19
*6-sabaq.* Xor ushi'n professional janrlarda do'retiwshilik islew ................... 26
*7-sabaq.* Xor ja'ma'a'tinin' du'zilisi ha'm tu'rleri ........................................ 28
*8-sabaq.* Xali'q sazlari' orkestri ha'm xor ushi'n O'zbekistan kompozitorlari' shi'g'armalari'ni'n' a'hmiyeti ........................................... 33

## II SHEREK

## SIMFONIYALI'Q ORKESTR. MUZI'KADA VOKAL-SIMFONIYALI'Q JANRLAR

*1-sabaq.* Simfoniyali'q orkestr ha'm woni'n' tarli'-tartqi'shli' saz a'sbaplar topari' ........................................................ 35
*2-sabaq.* Simfoniyali'q orkestrdin' ag'ash ha'm mi'stan jasalg'an u'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplari' topari' ................................... 40
*3-sabaq.* Simfoniyali'q orkestrdin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari' topari' ........................................................ 42
*4-sabaq.* Muzi'kada vokal-simfoniyali'q janrlar ........................................... 45
*5-sabaq.* Oda (ta'riyip) janri' ........................................................ 49

## III SHEREK

## SAXNALI'Q MUZI'KA SHI'G'ARMALARI' — BALET HA'M AYAQ WOYI'N WO'NERI, MUZI'KALI' DRAMA HA'M KOMEDIYA, BALALAR USHI'N MUZI'KALI' YERTEK-SPEKTAKLLER


*1-sabaq.* Saxnali'q muzi'ka shi'g'armalari' .......... 53
*2-sabaq.* Balet janri' .......... 59
*3-sabaq.* Wo'zbek ayaq woyi'n wo'neri .......... 61
*4-sabaq.* Muzi'kali' drama .......... 64
*5-sabaq.* Toxtasi'n Jalilovti'n' «Tohir va Zuhra» muzi'kali' dramasi' ha'm woni'n' wo'zbek ko'rkem wo'nerinde tutqan worni' ha'm a'hmiyeti .......... 65
*6-sabaq.* Muzi'kali' komediya .......... 71
*7-sabaq.* Uzeir Cadjibekovti'n' «Arshin mal-alan» muzi'kali' komediyasi'ni'n' du'nya xali'qlari' ko'rkem wonerindege tutqan worni' ha'm a'hmiyeti .......... 72
*8-sabaq.* Wo'zbek kompozitorlari' — I. Akbarov, S. Jalil, M. Bafoyev, F. Alimov A. Xalimov ha'm basqalardi'n' do'retiwshiliginde muzi'kali' drama ha'm komediyalardi'n' worni' .......... 73
*9-sabaq.* Respublika teatrlari'nda balalar ushi'n jarati'lg'an muzi'kali' yertek-spektakller .......... 75


## IV SHEREK

## OPERA WO'NERI HA'M WO'ZBEK MUZI'KASI'NDA OPERA JANRI'


*1-sabaq.* Opera wo'neri .......... 80
*2-sabaq.* Du'nya ju'zilik opera wo'nerinde J. Verdi do'retiwshiliginin' tutqan worni' ha'm a'hmiyeti .......... 82
*3-sabaq.* V. Mocart, J. Bize, P. Chaykovskiy, N. Rimskiy-Korsakov si'yaqli' du'nya ta'n alg'an kompozitorlardi'n' operalari' .......... 83
*4-sabaq.* Milliy muzi'kada opera janri' .......... 86
*5-sabaq.* Muxtar Ashrafiydi'n' wo'zbek muzi'kasi'n rawajlandi'ri'wdag'i' tutqan worni' .......... 88
*6-sabaq.* Balalar ushi'n operalar .......... 90

AVAZ MANSUROV, DILDORA KARIMOVA
GU'LMA'RYAM KAMALOVA

# MUSIQA

5-SINF UCHUN DARSLIK

Qaraqalpaq tilinde

*Qayta islengen 5-basi'li'm*

Awdarmashi' *M. Ni'zanov*
Redaktor *S. Baynazarova*
Ko'rkem redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktor *Z. Allamuratov*
Operator *N. Qaypbergenova*

Original-maketten basi'wg'a ruxsat yetilgen waqti' 30.07.2015 j.
Tip «Tayms» garniturasi'. Formati' 70x90 $^1/_{16}$. Kegl 12. Ofset usi'li'nda basi'ldi'. Ko'lemi 6,5 b.t.
7,6 sha'rtli b.t., 6,85 yesap b.t. Nusqasi' 9771 dana.
Buyi'rtpa № 343

Original-maket «Bilim» baspasi'nda tayarlandi' 230100. No'kis qalasi',
Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

O'zbekistan baspaso'z ha'm xabar agentliginin' G'afur G'ulom
ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yinde basi'p
shi'g'ari'ldi'. 100128, Tashkent, Labzak ko'shesi, 86.

**Bizin' internet ma'nzilimiz: www.gglit.uz**
**E-mail: info@gglit.uz**